ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№193 (22.351) • 2012 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 4, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым зегъэужьыным куэд зэрыхащIыхьым папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын

Москаленкэ Владимир Анатолий и къуэ - «Автозапчасть» Бахьсэн завод» ООО-м и генеральнэ директорым

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр фIэщым

Атмурзаев Исмаил Адрэт и къуэ - «Ленин орденыр зезыхьэ «Прохладнэ» ремонт-механическэ завод» акционер зегъэужьнигъэ зэIуахам и генеральнэ директорым

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и ухэкIуэ» цIэ льапIэр фIэщым

Джэдгьавэ Виктор Елберд и къуэм - «Тэрч алмаз Iэмэпсымэ завод» акционер зегъэужьнигъэ зэIуахам и генеральнэ директорым ухунигъэмкIэ и къудэгъэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм фокIадэм и 28-м
№130-УГ

Уэнаев К.Хь.-М. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр фIэщIыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым зегъэужьыным ыкIи ауэрыщхьэ зэрырихьэлIам икIи илъэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленностым щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр фIэщым **Уэнаев Казым Хьэжы-Мурат и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдэсм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм фокIадэм и 28-м
№131-УГ

Хьэпэ А.А. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын **Хьэпэ Анатолий Асльанбэч и къуэм** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIыхьэр мелиораци щIыныгъэ мэкъумэщ IэнатIэр псыкIэ къызэгъэпэщынымкIэ и управленэ» федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущ1апIэм и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм фокIадэм и 28-м
№132-УГ

Щомахуэ Ю.А. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм кауруушхэу зэрырихьэлIам икIи илъэс куэд льандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын **Щомахуэ Юрий Асльанбэчрий и къуэм.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм фокIадэм и 28-м
№133-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2012 гъэм мэкъуэгъэгъэм и 28-м кьыдигъэкIа Унафэ №1212-П-П-р къутэжьыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Iэпщэ Заур Борис и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмрэ къэрал ухуэкIэмкIэ и комитетым и унафэщIым и кьулыкъыр щхьэщыхьым и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2012 гъэм мэкъуаугъэм и 28-м кьыдигъэкIа Унафэ №1212-П-П-р къутэжьин.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2012 гъэм фокIадэм и 27-м
№1237-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Iэпщэ Заур Борис и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмрэ къэрал ухуэкIэмкIэ и комитетым и унафэщIым и кьулыкъыр щхьэщыхьым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и статья 22-м и Iыхьэ 3-м и пункт 1-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Iэпщэ Заур Борис и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмрэ къэрал ухуэкIэмкIэ и комитетым и унафэщIым и кьулыкъыр щхьэщыкьым, езыр кьызэрыпэIуэм кьыхэкIыу.

2. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2012 гъэм фокIадэм и 27-м
№1239-П-П

● Дыгъуасэ

Зыхунэсахэмрэ къапэщытхэмрэ

КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ республикэм и Правительствэм хэтхэм я зэIущI.

АБы щедэIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ЦIыхухэр IэнатIэкIэ кьызэрэпэщынымкIэ и къэрал комитетым 2010 - 2011 гъэхэм зэфIигъэкIахэм теухуауэ а Iуэхущ1апIэм и унафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд** ищIа отчетым.

Республикэм и Iэтащхьэм и пэублэ псалъэм и ужькIэ, ар зэпкърыхауэ кьыхтеувыIащ зи гугъу тщIы зэманым кьриубыдэу зрагъэхъулIахэмрэ зыхунэмысахэмрэ.

- ЛэжьыгъэмкIэ дунейпсо организацэм и Iэмалым тету зэрыдгъэбелджыламкIэ, 2009 гъэ льандэрэ республикэм Iэнатlэнщэхэр цIыху мин 16,7-кIэ нэхъ мащIэ щыхъуащ икIи нэгъабэ аухэр зэрыкьуку щытар мин 42,8-рщ. Илъэсищым и кIуэцIкIэ зезыгъэтхауэ учетым щытхэм я бжыгъэм цIыху мин 14,2-кIэ кIэрыхуащ. Иджыпсту апхуэдэу диIэр мин 9,5-рэщ.

- кьигъэлъэгъуащ къэрал комитетым и унафэщIым.

ЛэжьапIэнщэхэр IэнатIэкIэ кьызэгъэпэщынымкIэ хуэунэтIауэ зыхунэсахэмрэ я Iуэхум хэль гугъуехьхэмрэ зэпкъриха нэужь, дяпэкIэ кьапэщыт кьалэнхэм кьызэхуэсахэр хигъэтъуэзащ.

Абы жиIам дыщIагъужу зэхьыхэм кьыщыпсэльащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЖылагъуэI палатэм Лэжьыгъэ зэхущытыкIэмрэ социальнэ политикэмкIэ и комиссэм и унафэщI **Маслов Николайрэ** республикэм и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ я удыщIагъэр хьуэнымкIэ и комитетым и Iэтащхьэ **Жанатаев Сэлимрэ.**

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я Тхьэмадзэхэу **Чеченов Ануаррэ Гертер Иванрэ**, Къэбэрдей-БалъкъэрымкIэ инспектор нэхъыщхьэ **Вербицкий Алексей**, кьалэ, район администрацIэхэм, къэрал комитетхэм я Iэтащхьэхэр, куейхэм цIыхухэр IэнатIэкIэ кьыщыззэпэщ Iуэхущ1апIэхэр.

ХЬЭКЪЫКЪАРЭ Алик.

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Республикэм электрон музей щыIэнущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Президиумым и зэIущIэм Правительствэм щыхуахьа сыхьатым хиубыдэу щыкIэпхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и музей фондымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ музейхэмрэ я Iуэхукlэ» КъБР-м и Закон ыр гъэзэщIа зэрыхьым.

ИУЖькIэ Урысей Федерацэм и музей фондым и къэрал каталогым хагъэхьэжьи папщIэ республикэм и музейхэм я экспонатхэр электрон тепльэм хуэгъэкIуэным тегъэуауэ мы зэманым лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкIуэкIым тепсэлыхьащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Фырэ Руслан.** «Республикэм и музей фондымрэ музей фондым и къэрал каталогымрэ я тетхуэу положенэхэм я Iуэхукlэ» КъБР-м и Правительствэм кьыщта унафэм тету мы зэманым хьэзыр щIащ электрон музей кьызэгъэпэщынымкIэ проектыр. Абы кьыщыгъэлъэгъуащ зэфIегъэкIыпхъэ Iуэхуэхэмрэ абыхэм трагъэкIуэдэну ахъшэ зыхуэдэмырэ. Мы проектыр гъэзэщIа хъуи папщIэ псори зэхэту сом мелуан 45,2-рэ яIэн хуейуэ кьабжащ.

Министрым зэрыжиIамкIэ, электрон музей кьызэгъэпэщынымкIэ проектым ипкъ иткIэ щыналъэм щыIэ электрон Iэмалу музейхэм кьыщагъэсэгъэн тэмэму трагъуэшэху. Абы ипкъ иткIэ цIыхухэм нэгъэсауэ къагъэсэбэпырыфыщу ди музейхэм тхыдэ-щэнхабзэ мыхьэнэ яIэу щIэлъ экспонатхэм ятеухуа информацэр. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и музейхэр» порталым итынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм щыпсэу Iэпкъпхъэм я тхыдэм, щэнхабзэм, гъуэзджэм я щапхъэхэр музейхэм зэрыщытегушар. Мы порталым Интернетым и Iэмалхэм заригъэужьынущ, щэнхабзэм и хьугъуэфIыгъуэхэм ятеуауэ щIэныгъэр хэIущIыIу ищIынущ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● КъБР-м и Правительствэм

ХьэрычэтыщIэхэм мылъку хухах

КъБР-м и Премьер-министр Гертер Иван дыгъуасэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм IуэхугъуэгъуэкIэ 18 щыгъэпсэхакIащ.

ЗЭХЫХЬЭМ япэу щыхэпльащ мы гъэм и 4-нэ мазищым республикэм и Правительствэр зэрызэхуэсыну планым. Абы арэзы техъуэ нэужь, хьэрычэтыщIэ IэнатIэ цIыкIуэхэмрэ курытхэмрэ я проектхэм мылъку яхуэхъзых комиссэм хэтхэм, «КъБР-м Мэз хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым и Iуэхущ1э» 2011 гъэм накъыгъэм и 13-м республикэм и Правительствэм кьищта Унафэ №127-ПП-м, хьэрычэтыщIэ предприятэ мыинхэмрэ курытхэмрэ я инновацэ проектхэр дэIыгъыным теухуауэ гъэм щыщхьэIум и 13-м КъБР-м и Правительствэм кьудигъэкIа Унафэ №171-ПП-м, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и унафэ щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьащ.

Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынныгъэмкIэ министерствэм и жэрдэмкIэ, Хэку зауэшхуэм хэтахэм зэрызыщIагъэкъуэну щIыкIэр ягъэбелджылащ. ЗэIущIэм кьыщащта Унафэм ипкъ иткIэ, я псэупIэхэр ириэзрагъэпэщыжьын папщIэ, ветеран 35-м республикэ бюджетым кьыхэкIыу сом мелуанищым ЩIигъу хухахынущ.

ЩэнхабзэмкIэ министр **Фырэ Руслан** кьыхилъхьэри, Темыркъан Юрэ и щIыхькIэ щэкIуэгъуэ маз эм Налшык щекIуэкIыну симфоние музыкэмкIэ дунейпсо фестивалым и кьызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэр кьащтащ. А Iуэхур дэгъэкIыным сом мелуан хухахынущ.

ЗэIущIэм хэтащ Правительствэм и Унафэщ1ым и къудэхэуэ **Ерчэн Темболат, Уэнаев Казым,** къалэ, район администрацIэхэм, къэрал комитетхэм я Iэтащхьэхэр, ирагъэбгъэгъа къуэлыкъущIэхэр.

АРУАН Алий.

ЗэIущIэм хэтщ Дагъыстаным, Ингушым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я унафэщIхэр.

КъанокъуэАрсен: «Ди егъэджакIуэхэм я улахуэр ику иту экономикэм и IэнатIэхэм щатхэм нэхърэ нэхъыбэщ»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр хэтащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыща IуэхуэхэмкIэ Правительствэм и комиссэм и зэIущIэу УФ-м и премьер-министр Медведев Дмитрий Мэхьэчкьалэ щригъэжьэкIам. Абы щытепсэльыхьащ уэнэщагъэр хьуэмэнымрэ егъэджэныгъэмрэ я Iэнатlэм округым зыщегъэужьыныкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм.

ЗЭIУЩIЭМ кьыщыщпсальэм **Къанокъуэ Арсен** кьыхигъэщхьэхуэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджакIуэхэм ику иту кьаIэрыкьэ уэлахуэр республикэм и экономикэм щат лэжьапщэм нэхърэ проценти 9-кIэ зэрыгнэхьыбэр икIи ар иджы сом 14181-рэ зэрыхьур». ЕгъэджакIуэхэм я лэжьапщэр кьызэраIэтам кьыдэкIуэу, сабий садхэм я лэжьакIуэхэм я улахуэм 2011 гъэм фокIадэм и 1-м щегъэжьауэ хагъэхъуащ икIи ар иджыпсту сом 9680-рэ мэхьу.

Республикэм и Iэтащхьэм зэрыжиIамкIэ, 2013 гъэм КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ и IэнатIэр кьэгъэщIэрэщIэжьым теухуа лэжьыгъэхэм хиубыдэу кьурыт еджапIэхэм я унэхэр зэрагъэпэщыжыну мы зэманым щыIэ мардэхэм езэгъыу. Иджыпсту курыт еджапIэхэм ящыщу 68-р капитальнэу зэрагъэпэщыж икIи я лэжьыгъэхэр и зэманым зэфIагъэхьынущ.

Апхуэдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым гульытэ щыхуащI зи школ кIуэгъуэ мыхъуаехэр зэкIуалIэ Iуэхущ1апIэхэм зегъэубгъуным. ЕджапIэхэм кьамыгъэсбэп пэшхэр зэрагъэпэщыжуэр, зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийуэ 2180-рэ зэкIуэлIэн Iуэхущ1апIэхэр кьызэрагъэпэщащ.

Уэзышагъэр хьуэным щытепсэльыхьым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм кьыхигъэщхьэхуэкIащ 2012 - 2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и программэм хиубыдэу щыналъэм медицинэ дэIепыкьуныгъэр Iыхьащу гуэшауэ щыз этрауэхуэну эрамурадыр. Апхуэдэ кьызэгъэпэщыкIэм ипкъ иткIэ пэублэ медицинэ-санитар дэIепыкьуныгъэр кьызэзэгъэпэщынымрэ фельдшер-акушер пунктхэрщ, амбулаторэхэрщ, поликлиникэхэрщ. ЕтIуанэ Iыхьэр уэзыфэ хэхахэм елъэзнырщи, а лэжьыгъэр ирагъэкIуэкIынущ район сымаджэщхэм. Ещанэ Iыхьэр тещIыхьащ цIыхухэм я узыфэхэр иджыпсту щIэныгъэм и ИужькIи къэхутэныгъэхэм тету гъэхъуэжьным. «Узышагъэр лъэпкъ проект хэхам хиубыдэу фэбжьхэм щеIэзэ центр кьызэрагъэпэщащ, республикэм и клиникэ сымаджэщым кьыщызэрагъэпэщ льыхтхуэ уэхэм щеIэзэну центр, апхуэдэу Налшык къалэм клиникэ сымаджэщ №1-мрэ Прохладнэ къалэ сымаджэщымрэ льыхтхуэ узыфэхэр щагъэхьуж кьудамэхэр кьыщызэIуах.

Льыхтхуэ узыфэхэм елъэзныкмкIэ программэм ипкъ иткIэ, федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу республикэм сом мелуан 203-рэ мин 238-рэ къратати, абыкIэ зыхуеину оборудованэ кьащхьу. А Iэмэпсымэ псори дыдэрыт илъэсым щэкIуэгъуэм и 1-м фIэмыкIыу кьаIэрыхьэнущ. Республикэ бюджетым и ахъшэкIэ иджыпсту льыхтхуэ узыфэхэм щеIэзэну центрым и унэр зэрагъэпэщыж.

Медицинэ дэIепыкьуныгъэр Iыхьащу зэхэхауэ кьызэгъэпэщыным хуэунэтIащ федеральэ программэхэм я пIкъ иткIэ Налшык къалэм онкологие диспансер-рэ перинатальнэ центррэ кьызэрыщыгъэхьжар, Анзорей кьуажэм район сымаджащ зэрыдащIыхьыр.

А псоми кьадэкIуэу, гульытэншэу кьэбгъанэ зэнункьым сабий садхэр кьызэрагъэпэщын, школхэр зы сменэм хуагъэжIуэн, ресубликэм и экономикэм нэхъ мыхьэнэщхуэ зиIэ и IэнатIэхэм щылэжьэфын Iэщ1агъэлIэр курыт профессиональнэ еджапIэхэм ирикъуу щагъэхьэзырын папщIэ ахъшэр зэкIэкьазэремэщIэкIыр. Апхуэдэу онкологие диспансер нагъэсын папщIэ сом мелардэ 2-рэ мелуан 52-рэ, перинатальнэ центрым папщIэ сом 1 мелардэ мелуан 572-рэ, Анзорей и район сымаджэщым папщIэ сом мелуан 466-рэ яхуэнькъуэщ. КъБР-м и Iэтащхьэм кьыхилъхьащ Урысей Федерацэм и субъектэ Кавказ Iщхьэрэ федеральнэ округым кьыхьэхэм егъэджэныгъэмкIэ и IэнатIэхэм ядэIепыкьунымкIэ программэхэр щызэхалъхьэжIэ а Iуэхуэхэр кьалытэну.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэм я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Iэ щаIэтыну махуэр яубзыху

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир закон зыбжанэм Iэ щIидзащ. Абыхэм яхэтщ Iэ щаIэтыну зы махуэ ди къэралым щыгъэуныр.

Законыр кьызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, хэхьныгъэхэм папщIэ Урысейм Iэ щаIэтыну зы махуэу ягъэуващ фокIадэм и етIуанэ тхьэмахуэр. Абы теухуа унафэр етIанэгъэ щыщIэдзауэ лэжьэнущ.

Урысейр ягъэкъуанщэ

ЕвропэмкIэ Советым и Парламент Ассамблеем (ПАСЕ) щедзIуащ Урысейм щыщыкIэ щытыкIэм теухуауэ абы и Iэщ1агъэлIэм ягъэхьэзыра докладым.

Урысей делегацэм и унафэщI Пушков Алексей кьызэрыхигъэщамкIэ, а Iуэхугъэр Польшэм кьыхихьэри, адрейхэми даIыгъащ. Докладым гу щылъатащ пэкIуэр егъэкIуэкIыныр хуабжэу гугъу зыщIу гъэмахуэм Къэрал Думэм кьыщта законэм, ди къэралым и лъэхъуэщхэм щаIыгъхэм ящыщхэр абы зэриплъыхьым, суд Iуэхур зэрымытэмым, нэгъуэщI куздми.

Правительствэм хэт псори ихъуэжынущ

Зи пашэ блокыр Куржым щекIуэкIа парламент хэушынагъэхэм щыгъэкIуа мелардыбжэ Иванишвили Бидзинэ иригъэкIуэкIа пресс-конференцым щыжиIащ иджыпстурэй правительствэм хэт зы министри и къулыкъым кьызэрытемыгъэнэр.

Блостыи пэщIэту абы къызэригъэпэща «Куржым и хьуэпсапIэ» блокым блыщIхьэ кIуам екIуэкIа парламент хэхыныгъэхэм хэхахуэхэм я процент 55-м Iэ хуаIэтащ. Конституцэм ипкъ иткIэ, къэралым и премьер-министр хьунур абы и пашэ Иванишвилиращ. Ар хуэщIокъу хабзэр и тегъэщIапIэу Саакашвили и кьулыкъым тригъэкIыну. Абы щыгъуэми Куржым и нобэрей президентым фIырыфIкIэ зитыну и мурадкъым, и телъхьэхэм процент 40 фIэкIа кьамыхьами. Ар хьэзырц и кьалэнхэр аджкIи итхьэзэщIэну икIи парламент хэхыныгъэхэм щытекIуа «Куржым и хьуэпсапIэ» блокым дэлэжьну.

Ипотекэр иритыжын щхьэкIэ

Ипотекэр зэритыжынымкIэ игъэгузавэу, лIауэ тхылъ нэпцI зэзыгъэпэща, Омск къалэм щыщ илъэс 32-рэ зи ныбжь цIыхубым теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

Нэгъабэ и кIэухым зэригъэпэща тхылъ нэпцIым и фIыгъэкIэ, абы «зэрыламкIэ» страховкэу сом мин 522-рэ кьратыжащ. Ар хильъхьри, псэупIэ кьыщэхун папщIэ банкым кьыщащта щIыхьэр ипшыныжащ. Иджы пцIыр кьыщIэщащ икIи уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

НОБЭ

и Хьэршым зэрыкIуэ гъэгъур цIыхухэм кьыщызэIуаха махуэщ. 1957 гъэм Совет Союзым дунейм щыпэру иутIыпщащ хьэршым ихьа ЩIым и Iэрыщ1 спутникыр.

Щ **Псэущхьэхэм я дунейпсо махуэщ**

и «Iуащхьэмахуэ льапэ» къэрал льэпкъ паркыр 1986 гъэм кьызэрагъэпэщащ.

Щ «Адыгэ псалъэм» и корреспондент **Къумахуэ Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокIу.

Дунейм и щыхьыIэнур:

Пшэ телъынущ, уэшх мащIэ кьешхынущ. Махуэм хуабэу градус 16 - 18, жащым градус 14 - 16 щыIэнущ.

ПIалэнэр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбэчыщ.

● Хьэбар гуапэ

Урысейм и чемпион Къуэдзокъуэ Мурат

Кемеровэ къалэм щекIуэкIащ цIыхухьхуэмрэ щIыхубзхэмрэ зыхэта дзюдомкIэ Урысейм и чемпионат. Абы Къэбэрдей-Балъкъэрым и дзюдоистхэм медалитI кьыщацIащ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭХЭМ я япэ махуэм жэз медалыр щызыIэригъэхьащ Дзу Бесльэн (кг 81-рэ). КIэух зэIущIэ цIыкIум абы и хьэрхуэрэгъуэ щытащ ди дзюдоист Кьлыш Алим.

Зэпеуэм и етIуанэ махуэм Къуэдзокъуэ Мурат килограмм 73-рэ зи хьэлъагъэр зыхэт гупым дыщэ медаль кьыщихьащ икIи Урысей Федерацэм и чемпион хъуащ. КIэух зэIущIэм абы Новокузнецк икIа Малаховыр щыхигъэщIащ.

- Зэпеуэр тыншу щытауэ схужьIэнукъым. Абы хэтахэр зи кьаруилыгъуэ, текIуэныгъэм хуэпабгъэ щIалэщIэхэщ. Финалым ныкьуэкьуэгъу щыхуэхъуамрэ сэрэ нэхьапэм дызэIущIатэкъым. Ар егъэлеяуэ текIуэныгъэм хущIэкъурт. Си дежкIэ мыр етхуэкъу Iэмал гуэркIэ кIэух зэхьэзэхуэм щызгъэльагъуэну хьуакъым. Сроугушхэу дыщэр кьызэрыхьам. Гуапэ сщыхьащ зыгъэзэныгъэхэр зыдезгъэкIуэкIа, олимп команд хьэхам хэту Лондон медалхэр кьыщызыхьа ди щIалэхэр Кемеровэ кьызэрыщызэдзащ, сызэрагъэгушхуар, - жиIащ чемпионым.

ПЩЫНОКЪУЭ Залым.

КъБР-м щыпсэухэм ящIэн щхьэкIэ

IУЛЪХЬЭ зэрызэIэпахьм, корупцэм пыщIа Iуэхуэхэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теуха хъыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щIы8 **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкIэ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Акъылыр ландыщэщ, гъэсэныгъэр дыщэ жыгщ.

Республикэм электрон музей щыIэнущ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Республикэм мы зэманым музейуэ 20 щоджажь. Абыхэм ящыщу 3-р къэрал музей, 8-р Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Лъэпкъ музейм и кIудамэщ, 8-р муниципалъэ щIыналъэхэм я музейщ, 1-р уней музейщ. Музей псоми я фондхэр экспонат 193438-рэ мэхъу.

Музейхэр тэмэму лоужьэн папщIэ абыхэм я фондхэм зэрыхагъахьуэ Iэмалхэм нэхъри зегъэужьын хуэйщ. ЩIалъэлапхъэу кьалъытэ экспонатхэр къэщэхунымкIэ, ахэр пщIэншэу предприятэхэм, IуэхущапIэхэм, организацэхэм, щыщ цIыхьухэм кьеIыхыныжьмкIэ лэжьыгъэхэр кьыз-зыгъэпэщыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Лъэпкъ музейм и дежь ФондхэмкIэ щыIэ эксперт комиссэрщ.

Иужьрей илъэсхэм Iуэхуфi зыбжанэ зэфIагъэкIащ музейхэм я мылъку гъэбжэн егъэфIекIуэным хуэунэтIауэ. 2010 - 2011 гъэхэм зэграгъэпэщыжащ Зауэ, лэжьыгъэ щIыхьым я музейуэ Майк муниципальнэ районым щыIэр, Вовчок Марко и музейуэ Налшык щыIэр, 1944 - 1957 гъэхэм политикэ залымыгъэм ихьагъэм я мемориальнэ и унэр, Лъэпкъ музейм и гъэлъэгуапIэ пэшхэр. Капитальнэу кьыззэрагъэпэщыжащ Изобразительнэ гъуазджэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр музейуэ Ткаченко А. Л. и цIэр зезыхьэр.

Парламентархэм доклад зыщIам упщIэ зыбжанэ иратащ. Кьапщтэмэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ комитетым и унафэщI **Дадэ Муlэвд** щIэупщIащ Лъэпкъ музейм и унэу хуабжьу зэкIэлъымыкIуэ хъуам дяпэкIэ иращIэну я мурадымкIэ.

Фырэ Руслан зэрыжиIамкIэ, ар дызыхуэкIуэ илъэсым зэрахьэнущ. Апхуэдэу Лъэпкъ музейм кьыгуащIыхьыну я мурадщ гъэлъэгуапIэ пэш ин.

КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ и комитетым и унафэщI **Рахаев Анатолий** къиIэтащ музейхэм щылажьэхэм я упахуэр икъукIэ зэрыщIыкIыр. «Музейхэм щолажьэ мы Iэнатlэм си гур ета икIи фIыуэ хэзыщIыкI цIыхухэр. Ауэ абыхэм лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэхэр яхъумэ пэтми, кьалэрыхьэ улахуэр адэкIи мыдакIи насырыкьым. Атlэ, Щэнхабзэмкlэ министерствэм абыхэм я лажьапщIэм яхущIигъуну и мурад?», - щIэупщIащ ар. Министрым жиIащ музейхэм я лэжьакIуэхэм я Iуэху зыIутыр нэсу зэрызэпэщIыкIыр, ауэ щэнхабзэм и адрей лэжьакIуэхэм кьыпагъэщхьэхуэкIыу абыхэм хэхауэ ахъшэкIэ ядэIэпыкъуну Iэмал зэрамыIэр.

ЗэIущIэм щыжаIахэм ипкъ иткIэ, Президиумым хэтхэм КъБР-м и Правительствэм чэнджащ иратащ республикэм щэнхабзэм щыхухэм ахъшэр гъэкъэ нэхъыбэ ищыну, сыту жыпIэмэ, музейхэм я мылъкум зэпымыууэ хэгъэхъуэн, абыхэм я фондхэр щахъумэ пэшхэр капитальнэ зэгъэпэщыжьын, щIэуэ ухуэн хуэйщ. Апхуэдэу хэхауэ егупсысыпхъэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Музей фондым и къэрал Iыхьэм хиубыдэ хьэпшыпхэр зэрахъумэр егъэфIекIуэным.

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм чэнджащ иратащ республикэм и музейхэм я зэфIэкIыр щIэблэм я зэхэщIыкIымрэ щIэныгъэмрэ хэгъэхъуэным хуэунэтIауэ кьызэрагъэсэбэныным КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм щIыгъуу егупсысыну.

УРЫСМАМБЭТ Бэлэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

ЗэуIуу зэфIэгъэкIыпхъэхэр

ЩIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ Iэнатlэхэмрэ Iуащхьэмахуэ лъапэ и зыгъэпсэхупIэхэм бизнес Iуэхуэхэр щызэблэзыгъэкIхэмрэ я ЫыкIуэхэм кьызэрадытэмкIэ, бгылъажэ щIыналъэ щIэрыIуэм туризмым щыщкьыгъуэжьыну компание зэкъуэт щыIэн хуейщ.

ЭЛЬБРУС кьуажэ администрацэм и Iэтащхьэ **Курданов Узеир** зэрыжиIэмкIэ, бгылъажэ инфраструктурэм и объект щхьэхуэхэр -Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-м хагъэхьэну ящхьалъхьа жэрдэмыр щIыпIэ туризмым и хьэрычэтыщIэхэм даIыгъ. «Озон» хьэщIэщ гупыр зей **Беккаев Хьмэз** зэрыжиIэмкIэ, Iуащхьэмахуэ пIыпIэ зиужьын щхьэкIэ, туризмым и Iэнатlэхэр щIыналъэм щызэзыгъэуIуну унафэщI компание зэкъуэт щыIэн хуейщ.

- Абы бизнес Iуэхур губзыгъэу иунэтIынущ, щIыхуэр хъуришэлIэнущ, хьэщIэщхэм, щхапIэхэм, бгылъажэ туризмым, алыпинымым зригъэужьынущ. Апхуэдэу, унафэщI компанием и нэф тету, Iуащхьэмахуэ пIыпIэ и бгылъажэ гъуэгуэр спорт зэхьэзэхуэ ин дыдэхэм хуэгъэпсэ дунейпсо пщащхьэм ирагъэзэгъыфынущ. Абы и фIыгъэкIэ, хамэ кьэрал туристу кьэтхуеблагъэм я бжыгъэм хэхъуэнущ, - кьыхигъэщащ зэхьэрычэтыщIэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ **Кьанокъуэ Арсенрэ** «Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-м и унафэщIым и гъэлъэгуапIэ пэшхэр зэпкърахащ «Iуащхьэмахуэ лъапэ и кIапсэ гъуэгуэр» - «Эльбрус куроут» - «Эльбрус куроут» ОАО-хэм я инфраструктурэм и объект щхьэхуэхэр «КСК» акционер обществэ зэIухам хэгъэхьэнымкIэ щыщIэ хэкIыпIхэр. Кьанокъуэ Арсен кьызэрилъытэмкIэ, метр 3800-м ищхьэкIэ щыIэ «Мир», «Гара-Башитанцкэр зэпызыщIну ещанэ зи чэзу кIапсэ гъуэгуэр ухуэныр и кIэм нэгъэсыныр. ЩIэупщIу зэуIуу зэфIагъэкIыпхъэ нэхъ лъагэ дыдэр - «ЗыгъэпсэхупIэ -11»-р (Приют одиннадцатый), Чегет кIапсэ гъуэгуэр зэгъэпэщыжьынкIэ зэуIуу зэфIагъэкIыпхъэ кьалэнхэм ящыщщ.

«Кавказ Ищхьэрэм и курортхэр» ОАО-м и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Курортхэр

● Сенаторым и зы махуэ



Сенатор Бечелов Ильяс цIыхухэм яIуощIэ.

Гуныкъуэгъуэхэр зыхуэдэр

«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и Жылагъуэ егъэблэгъапIэм жэпуэгъуэм и 1-м республикэм и щIыхуэхэм щаIуащIащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым хэт Бечелов Ильяс. Абы и гъусащ и дэIэпыкъуэгъу Тилов Тимуррэ Абазэ Хъэсэнбийрэ.

ЛЪЭIУКIЭ зыкъыхуэзыгъэза дэтхэнэми гупсэхуу епсэлъащ БечеловыкIи ксигъэгубащ гулъытэншэ имыщIыну.

Налшыкдэс, Хмельницкий Богдан и цIэр зезыхьэ уэрамым тесхэм я лIыкIуэ Шэшэн ФатIимэ игу щIэныкъуэу кьыхигъэщар я унэмрэ сабий гъэсапIэмрэ зэпыхьэу зэрящытым гугъу зэрыригъэхьырщ, сабийкэр хуиту, шынагъуэпшэу щыджэгуи щIыпIэ зэIыхьым, машинэ зекIуапIэ хъуащи. ГъэсапIэмрэ унэмрэ, Iэмал зэриIэкIэ, езыхэм зэпрахукIауэ щытащ, ауэ садым и унафэщIым ар имыдэу Iуригъэхьыжащ. ФатIимэ хуейщ мы Iуэхум унафэ гуэр игъуэтыну.

Мазаем и 16, 17, 18 махуэхэм терористхэр кьаубыдын мурадкIэ, Нартткалэ щекIуэкIа зэхэуэм зи унэ якъута унагъуэ 15-м ящыщу Къуэкъуей Хьэсбий, Пакъ Лидэ сымэ къэкIуащ Бечеловым дежь игъэхьэзыра тхылъхэм зыри кьызэриримыкIыр, езыхэм я гуауэр унафэщIхэм кьызэрырамыдэр ягу кьеуэу. «Илъэс ныкъуэ мэхъури, зыми зыри къратхьэлIэжащ. Мыбыхэм и пэ машIэу ищащ Ново-Ивановскэм и мэкъумэщыщIэхэр. Абыхэм Iуахьыжар гектар 500-м щIегъу. Зи цIэ кьитIуэ хозяйство къэ куейм и тобым нартыхуэ тонн 3150-рэ ирагъэшэну хунэсащ.

Иджыпсту губгъуэ дзэжьыгъэхэр и зэхуэдитIым нагъэсащ «Александровская» агрофирма» ОАО-ми (гектар 600-м щыщу 300-р). Псори зэхэту кьрахьэлIар тонн 1800-р мохъу, зы гектарым хуэзэу центнер 60 кьытрах.

Мэкъумэщ предприятэхэми бджэндырылажьэхэми нартыхуэр зэхуэдэу кьрахьэлIэж. Иужьрейм гаавэу тонн 2100-рэ, район псор кьатщтэмэ, тонн мин 15,7-р кьалэжьащ.

ЖАНОКЪУЭ Хьэту.

● Май куей

Нартыхум и чэзущ

Май куейм нартыхуэр Iуухьыным щоужьэрэкI. Мы щIыпIэм ику ину зы гектарым центнер 63,8-рэ кьыщытрах. Ар щIэ ита ильъхэм кьрахьэлIажам нэхьрэ нэхьыбжь.

МЫ ГЪЭМ нартыхуэ нэхьыбэ зэхэсыхэм ящыщщ «Красная нива», «Ленинцы» Къэбэрдей-Балъкъэр Iуэхущ1апIэхэр. Котляревскэ жылагъуэм нартыхуэ хэпльыхьауэ гектар 632-рэ иIэщ. Абы щыщу гектар 450-р кьрахьэлIэжащ. Мыбыхэм и пэ машIэу ищащ Ново-Ивановскэм и мэкъумэщыщIэхэр. Абыхэм Iуахьыжар гектар 500-м щIегъу. Зи цIэ кьитIуэ хозяйство къэ куейм и тобым нартыхуэ тонн 3150-рэ ирагъэшэну хунэсащ.

Иджыпсту губгъуэ дзэжьыгъэхэр и зэхуэдитIым нагъэсащ «Александровская» агрофирма» ОАО-ми (гектар 600-м щыщу 300-р). Псори зэхэту кьрахьэлIар тонн 1800-р мохъу, зы гектарым хуэзэу центнер 60 кьытрах.

Мэкъумэщ предприятэхэми бджэндырылажьэхэми нартыхуэр зэхуэдэу кьрахьэлIэж. Иужьрейм гаавэу тонн 2100-рэ, район псор кьатщтэмэ, тонн мин 15,7-р кьалэжьащ.

ЖАНОКЪУЭ Хьэту.

● Тэрч куей

Лэжьыгъэхэм йопIэщIэкI

Тэрч кьалэ дэт унэ зэтетхэм ящыщ куэд зэрагъэпэщыж.

«ПСЭУПIэ»-коммунальнэ хозяйствэм и лэжьыгъэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн» федеральнэ программэм мы илъэсым хагъэхьащ Тэрч кьалэ и Ленин, Нэгумэ зэрамкэм тет унэ зэтетитI.

Лэжьыгъэхэр зи пщэ дэлъ «Рубин» уэхуакIуэ компанием жэпуэгъуэм и пэхэм Iуэху псори зэфIихыну и мурадщ.

Ленинным и уэрамым тет унэм уэхуакIуэхэр нэхъ гугъу дехьа пэтми, мы зэманым ирихьэлIэу и щIыбыр кьанэ щымыIэу щIэрыщIэу яижащ, адэкIэ ЭН Iуэхуэхэм иужь ихьэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Побэ УФ-м и МЧС-м Граждан зыхъумэжьныгъэмкIэ и дзэхэм я махуэщ

ДэIэпыкъуэгъу нэсхэр

Щытыкlэ къызэрымыкIуэхэр къэмыгъэхъуным, кьэхъукъащI щынагъуэ къэхъу хъужькъуэмэ, абы и лъэужьхэр гъэкIуэдыжыным, цIыхухэм я щынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным кьарушхуэ езыхьлIэ Iэнатlэхэм ящыщ зыщ а унэтIыныгъэхэм телажьэ министерствэр, Абы и лэжьакIуэхэр, ирехъу ар щIыуэпсым и Iэужь, мафIэс, нэгъуэщI щытыкlэ къызэрымыкIуэ, къыщыхъуа щIыпIэм емыкIытауэ, сыт щыгъуи дэIэпыкъуэгъу хъуну хьэзырщ.

1932 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м СССР-м хьэуа зыхъуэжьныгъэмкIэ и Iэнатlэр (МПВО) кьызэрагъэпэщащ щытащ. Побэ ар илъэс 80 ирокъу. Абы ирихьэлIэу Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщI полковник Шагин Сергей ирегъэкIуэкIа пресс-конференцым зэрыщыкIамкIэ, мазхуэщхуэр Урысейпсо зыгъэсанитъэхэмкIэ ягъэпэIынущ.

Зауэ нэхъыбэхэм щыIэхьэнэм щыхьэ хозяйствэр зэфIэгъэувэжьныныр хуит къэхъуэжа щалнальэхэм щикIыхьа лагъымхэр щынагъуэ здэщыыпIэ щыпIэхэм щызэхэхьэсыжьныр я Iуэхущ1апIэм пщэрыль щащIат. 1961 гъэм МПВО-р СССР-м Граждан зыхъумэжьныгъэмкIэ и Iуэхущ1апIэ хъуащ. 1987 гъэм, Чернобыль АЭС-м кьыщыхьуа аварием и уэкьыIэ, абы и кьалэнхэм дыщIагъуащ щIыуэпс, техногенэ хьэкIуэкьащIэхэм ебэныныр.

- Къэралымрэ властымрэ сыт щыгъуи толажьэ щIынальэмрэ щIыхуэхэмрэ хъумэным. Ди Iэнатlэм мыз9-мытIэу зэхъуэкIынныгъэхэр игъуэтащ икIи 1991 гъэм, УФ-м Граждан зыхъумэжьныгъэмкIэ, кьызэрымыкIуэ щытыкIэхэмрэ абы и лъэужьхэр гъэкIуэдыжьнымкIэ Къэралкомитет кьызэрагъэпэщащ нэужь, граждан зыхъумэжьныгъэмкIэ дзэхэр абы хагъэхьащ. 1994 гъэм - УФ-м граждан зыхъумэжьныгъэхэмкIэ, кьызэрымыкIуэ щытыкIэхэмрэ абы и лъэужьхэр гъэкIуэдыжьнымкIэ и министерствэ хъуащ. Граждан зыхъумэжьныгъэмкIэ Iэнатlэр пэрыту кьэнащ, абы и гъэбжьым щыщщ зыгъэсэныгъэмрэ щIыхуэсэныгъэхэр щекIуэкIынущ. Урысей Федерацэм и щIыналъэ 83-м ящыщу 6-м ахэр зэрыщекIуэкIым щыгъуэзэ ящIынущ, абы КъБР-м и Правительствэм и Тхьэмадэ Гертер Иван и унафэм щIэту зыгъэсэныгъэхэр щекIуэкIыну Къэбэрдей-Балъкъэрри яхэту.

Республикэм щыпсэуэхэр зыгъэсэныгъэхэм кьыхаушэнухьым. Iэнатlэхэр зыгъэгуэкI мардэм тету лэжьэнущ.

Зыгъэсэныгъэхэм хиубыдэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр щыпсэуэ къабгъэкI гъуэгуэр. УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и Iэнатlэ псоми -Бжэ зэIухаэр», сабийкэр зыхъэтыну спорт, сурэтыщI зэпсэуэхэр щекIуэкIынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Гулытэ

Нэхъыбжьхэр ягъэгушхуэ

Жэпуэгъуэм и 1-р Зи ныбжь къэкIуэтэхэм я махуэу щытащ. Абы ипкъ иткIэ Урысейм и МВД-м Налшык къалэм щыIэ и Управленэм и унафэщIэхэр ветеран-пенсионерхэм щаIущIащ КъБР-м и Хабзэхъуэм Iэнатlэхэмрэ къэрал кIуэцIыдзэхэмрэ я ветеранхэм я къалэ советым Налшык и щIэлъэгуэлаэм дзэ-хэкупсэ гъэсэныгъэ щыдрагъэкIуэкI и пэшым.

МАХУЭШХУЭ зэхьхьэр кьызэIуихащ икIи нэхъыжьхэм хъуэхъукIэ захуигъэзащ, узынишагъэ, гуапагъэ, насып яIэмэ зэригуапэр яжриIащ Налшык къалэм щыIэ УМВД-м унафэщIэхэм ядэлэжьакIэ и Iэнатlэм и унафэщI къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Нэрэн Вячеслав.

Урысейм и МВД-м Налшык къалэм щыIэ и Управленэм и унафэщIэхэм къабгъэжьI гаупытэхэр ветеранхэм иратащ. ИужькIэ нэхъыжьхэр махуэшхуэ Iэнэм ирагъэблэгъащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● ДифI догъэлтапIэ

Сыт Чэмал дэрэжэгъуэ къезытыр?

Нобэкlэ профсоюз Iэтащхьэм и лэжьыгъэр нэхьыбэу къызэрапщытэр езы цIыхухэм и щыпкIэрэ, я фIагъырщ. Агропромышленнэ комплексым и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и унафэщI, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ щыхьэ зиужьа лэжьакIуэ Бесльэней Чэмал профсоюз Iэтащхьэу щIальытам и щхьэусыгъуэрэ кьыщылъхьхьэупхьэр Iуэхугъуэ кьэдэхмкIэ гъэнщIа езым и гъащIэрщ. Ар ящыщщ нэгъуэщIхэм я епльыкIэр зэригъэтIылъэкIыурэ, езым зэрызыхунгъэувыжам тету и гупсысэкIэ псэужьхэм. Аращ ар адрейхэм кьащхьэщызыгъэкIри.

ШКОЛАКIУЭУ щыщыта зэманым Бесльэней Чэмал и пащ дэлъащ еджакIуэ производственнэ бригадэ псо. А гупыр республикэ зэхьэзэхуэхэм сыт щыгъуи щытекIуэм кьыщымынэу, Ставрополь, Дон Iус Ростов кьалэхэм щыIэ сПётхэмрэ я зэфIэкI щагъэльэгъуащ. Щыстудентым ар яхэтащ щIалэгъуалэ хэкупсэ гупым. КъБКЪУ-м и мэкъумэш кьудамэм щыIэ «Эльбрус» студент ухуакIуэ отрядым, Бесльэнейр зыхэтам, зэкъым кьызэрихьар ВЛКСМ-м и ЦК-м и дамигъэмрэ КъБР-м игъащIэкIэ щахьумэну кьэна Алтай край парткомым и дамигъэмрэ. Бесльэней Чэмал а гупым и пашэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытам папщIэ «За доблестный труд» медалыр кьыхуагъэфащащ.

Дзэ кьулыкьымрэ спортымрэ зэрапсыхьар Чэмал сэбэн кьыхуэхьужащ Iэщ дохутыр нэхьыщхьэу лэжьэн щыщIидзами, цIыхубэ лэжьыгъэхэр щригъэжьIуэкIымэ. И Iуэху епльыкIэ утыку кьрихьэкIэрэ, зэкъым-тIэукъым абы гъащIэм и удын кьызэрыгтехуар. КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм, 2003 - 2008 гъэхэм республикэм и Парламентым я депутату щыткIэрэ, щIым и хъугъуэфIыгъуэхэр тэмэму кьызэрагъэсэбэпыным ерыщу пэщIэтт, а Iэнатlэр зыхуэныкьуэ социально-экономикэ Iуэхугъуэхэр щигъэбыдэрт. Кьэдым ягъэщIагъуэрт щIэ гуэр кьызэриIэным яужь ит къудей мыхъуу, гъащIэм щIэщIагъуагъ хэлъхьэн зэрыхуейри зэрыщымыгъупщэр. Арагъэнщ зэхьэхьыныгъэ зэманым КъБР-м щыIэ Урысейм и щIы Iуэхум епха партыр абы дзыхь кьыщIыхуащIэр. Къуэжэдэсыр зыхуэныкьуэр кьызыгуфIыуэнур и гъащIэр мэкъумэшым и лэжьакIуэхэм я Iуэхум тезыуха, кьуажэм кьыщIыхуа цIыхурт.

Аращ Бесльэней Чэмал АПК-м и лэжьакIуэхэм и республикэ комитетым и профсоюзым и Iэтащхьэу илъэс 17-кIэ щыщIытари.

Апхуэдизэ зэманкIэ щыхуэхэм я дзыхь ирагъэзыштэкъым, ар унафэщI зэрыщытам. Дауи, абыкIэ сэбэп хъуащ «Щхьэлыкуэ» совхозым илъэс куэдкIэ Iэтащхьэу зэрыщыIэжьар. Производственнэ Iуэхугъэ дзэгъэкIыным нэмыщI, мэкъумэш лэжьакIуэхэм я Iэнатlэхэр зэрырагъэфIэкIуэ Iуэхугъэм нужь итащ. Сыт щыгъуи абы и нэIэ щIигъэтащ къыдэкIуэтей щIэблэрэ. Уеблэмэ фIыуэ еджэхэмрэ еджакIуэ нэхъыфIэхэмрэ я стипендиери иубыдхуащ. Щхьэлыкьуэ къуажэм щIэныгъэр щефIэкIуэным и гуащIэ зэрырихьэлIам папщIэ, абы кьыхуагъэфэщащ «УФ-м цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ и отличник» дамыгъэр.

Щыхуэхэм я дзыхь кьызэрагъэзырт, кьаззэригурыIуэрт Бесльэнейм кьару кьезытыр. Экономикэ унэтIныныгъэшIэхэм хэт, ар зи Iэтащхьэ профсоюзым кьигупсис зэпытщ Iуэхугъуэ щхьэпэхэр зэрыдах IэмалыщIэхэр. «Профсоюз лэжьыгъэм и лъабжьэщ Iуэныкьуэхэм я зэгурыIуэныгъэр», - жиIэ Бесльэнейм. Махуэ кьэс ирагъэжьIэкI лэжьыгъэхэм кьадэжьIуэу, абы кьызэрегъэпэщ зэIущIэхэр, проектхэм, гъащIэм кьекIу темэ зэмылIэужьыгъуэхэм теухуа конференцхэр, семинархэр, зэпеуэхэр.

АПК-м и рескомым сыт щыгъуи щIыпхьэ-щIэкIщ профсоюзыр я щхьэщыкадуэу кьэзыльытэхэр. Абы кьокIуэ профсоюзым хэтхэм ящыщу зыгъэпытIэ, зыIууэ гъэхьэхэр зэфIэхьыныныкIэ щIэгъэжьуэн хуэныкьуэхэри, Iуэху зэIымыбэ зиIэхэри, район советхэм я Iэтащхьэхэри. НэгъэщI рескомхэм я лэжьакIуэ ныбжьыщIэхэри чэнджэщ лъыхьуэу кьокIуалIэ. Профсоюзым хэтхэм я Iуэху епльыкIэм и кьыщхьэщыжакIуэщ рескомыр. Абы кьегъэльагъуэ унафэщым и пщIэр зэрыльагъэр.

ПщIэншэ хъуакьым зыпэрыт лэжьыгъэ Iэнатlэм кьыдэкIуэу Бесльэнейр КъБР-м и профсоюз федерацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэу зэрыщытари. Абы и цIэр ираттхащ «Урысейм и цIыху нэхъыфIхэр» энциклопедием икIи «Хэкум и кьуэ, ипхъу пажэхэр» унэтIныгъэм «ПIэ фIыщIэ инэхэм папщIэ» медальр кьыщихащ.

Чэмал жеIэ и Iэнатlэр ныбжьыщIэдэтщ. Абы мытэмэму кьельытэ профсоюзым Iэщ1агъэлI, щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр кьызэрырамышалIэр. Социальнэ Iуэхуэхэми ныкъусаныгъэ гуэрхэр хэльщ. ФIагъэу абы кьельытэ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ цIыхухэм зэрадэлажьэр. Апхуэдэхэщ профсоюз рескомым и бухгалтер нэхъыщхьэ Петровэ Татьянэрэ техникэ инспектор Гъущ1апщэ Борисрэ.

Чэмал жеIэ и Iэнатlэр ныбжьыщIэхэр кьызэрагъэпэщащ, - кьыхигъэщащ Шагин Сергей кьыщыпсалъэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым кьызэрымыкIуэ щытыкIэм къызэрымыкIуэ щытыкIэм зэрадэлажьэр. Апхуэдизэ иджыпсту техникэрэ IэмэпсымэхэмкIэ, зыхуеину псомкIи кьызэгъэпэщащ нэужь, граждан зыхъумэжьныгъэмкIэ дзэхэр абы хагъэхьащ. 1994 гъэм - УФ-м граждан зыхъумэжьныгъэхэмкIэ, кьызэрымыкIуэ щытыкIэхэмрэ абы и лъэужьхэр гъэкIуэдыжьнымкIэ Къэралкомитет кьызэрагъэпэщащ нэужь, граждан зыхъумэжьныгъэмкIэ дзэхэр абы хагъэхьащ. 1994 гъэм - УФ-м граждан зыхъумэжьныгъэхэмкIэ, кьызэрымыкIуэ щытыкIэхэмрэ абы и лъэужьхэр гъэкIуэдыжьнымкIэ зыуэ щыт къэрал Iэнатlэ, абы и кIуэдамэхэр УФ-м и щIыналъэхэм я щыщIыпсалъэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым кьызэрымыкIуэ щытыкIэм къызэрымыкIуэ щытыкIэм щыгъуэзэ ящIынущ, абы КъБР-м и Правительствэм и Тхьэмадэ Гертер Иван и унафэм щIэту зыгъэсэныгъэхэр щекIуэкIыну Къэбэрдей-Балъкъэрри яхэту.

Республикэм щыпсэуэхэр зыгъэсэныгъэхэм кьыхаушэнухьым. Iэнатlэхэр зыгъэгуэкI мардэм тету лэжьэнущ.

Зыгъэсэныгъэхэм хиубыдэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр щыпсэуэ къабгъэкI гъуэгуэр. УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и Iэнатlэ псоми -Бжэ зэIухаэр», сабийкэр зыхъэтыну спорт, сурэтыщI зэпсэуэхэр щекIуэкIынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Бесльэней Чэмал

Экономикэ Политикэ

Махуэ ку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

Жагъын къещтэ

● Абы дегъэпІейтей

Ильэсым и кІэм урысей экономикэр и пІэм иуджыхьынущ. Гъэм кърикІуэнухэм ятещІыхьауэ ВВП-р зыІэтынр япэ ильэс ныкъуэгрэ (япэ мазищым - процентш 4,9-рэ, етІуанэм - процентш 4). ФБК-м Стратегие къэпщытэныгъэмкІэ и департаментым и унафэщІ Николаев Игорь и псальэхэм ятепщІыхьмэ, етІуанэ мазищым щыІа екъуІэныгъэр нэхъыбэу кьыззэзыгъэпэщар финанс Іэнатіэрэ - процент 17,3-кІэ, ягъэІэпхъуэ мыхъу мылькум егъэщылІа Іуэхуэхрц - процентш 7,9-кІэ, сатушр - процентш 6,9-кІэ. Абы щыгъуэми, промышленностми уху-ныгъэ Іэнатіэми заужырыкъым.

«АПХУЭДЭ щыткІэм ирооондэджэр», - жеІэ Николаевым. Урысей экономикэ школым дигу кьигъэкІыжащ рефинансированэм нэхъ тригъэщІэным теухуа унафэ Банк Нэхъыщхьэм кьиззэрыдигъэкІар. «АбыкъеГъэлъагъуэ экономикэм зригъэужьыным нэхърэ ЦБ-м инфляцэм нэхъ гулыкІатщхьэ зэрыхуитщІыр», - кьыхиГъэщхьэхуКІащ еджагъэшхуэм. Абы зэрыхуигъэфащэмкІэ, еплІанэ мазищым ВВП-м процент 1,8-м нэхърэ нэхъыбэкІэ зиІэтынукъым.

Николаев Игорь жеІэ дунейпсо экономикэр кризисыщІэм хэхуэну. Ар кьыкьуэкІынущ щыпІащым - США-м, Европэм, Азием - языкъэзым Іуэхуэхэр зэрыщыззэІыхьэу. Ещанэ мазищым кьрикІуэхэм кьагъэлъэгъэнущ Европэр щытыкІэ гугъум кьыззэрихутар, США-мрэ Китаймрэ я зыужьныгъэр зэрыщІэужьыхьар. Гайдар и институтым и Іэщ1агъэлІ Назаров Владимир тегъэщІапІэ ищІыр дунейпсо экономикэ зыужьныгъэр зыубзыху США-м иригъэкІуэкІ финанс политикэр. Ар гугъуехь хэхуэнущ иджырей льготэхэм кьару щамыІэжыну икІи и бюджетыр хуабжьку щакъуэзыну 2013 гъэм.

Экономикэм и школ нэхъыщхьэм дунейпсо экономикэм щытыкІитІ кьыпэплІьэу кьельытэ. Ятэрауэ, дунейпсо кризис ткІий кьхъуныкІэ, щыдагъэм и уасэр ехуэхынкІэ, зэрыщыту дунейпсо экономикэр зэІыхьэнкІэ хъунущ. ЕтІуанэрауэ, дунейпсо экономикэм ерагъкІэ и щхьэр игъэпсэуфу, зыкІи зимыужьу, нэхъапэми хуэдэу, кьэралым мыльку ирашу екІуэкІынкІи зэхуэІуа щыІэкъым. Іэщ1агъэлІ Акиндовэ Наталье кьельытэ тІум щыгъэмми 2013 гъэм экономикэр Іуэхуэхэр зэрызэІыхьэнчи зыхуэдгъэхьэзырын хуейуэ.

НОСКОВЭ Евгение.
«Российская газета».

● Ар зэрыщытар

Сабийхэр ядыгъурт

«АиФ»-м къихутащ СС-м къызэригъэпэща «Лебенсборн» сабий хэщІапІэхэм я лэжьакІуэхэм зэхащІыхьахэр: абы-хэм Ещанэ рейхым яшащ совет щІалэ, хъыджэбз цІыкІуу мин тхущІым нэблагъэ. Зи хэку кьэзыгъэзэжар мащІэ дыдащ. Сыт адрейхэм къащыщІар?

...1943 гъэм бадзэуэгъуэм и 2-м СС-м и рейхсфюрер Гиммлер Генрих и лЫкІуэр Іущ1ащ Польшэм и генерал-губернатор Франк Ганс. Гиммлер тегуэзэныхьырт СССР-мрэ КъуэкІыпІэ Европэмрэ я щІыналъэхэм щыщ щыпІэхэуэ яубыдахэм зи щхьэр щыпалъэ партизанхэм я бынхэм я адэхэм яль ящІэжан хуей зэрыхъунум. Рейсфюрерым кьыхилъхьащ «норд теплъэ» зиІэ сабийхэр «Лебенсборн» хэщІапІэхэм ирагъэщэну е «арий гурыщІэ» яІэу ягъэжэн папщІэ нэмыщІ унагъуэхэм иратыну.

Махуитху дэкІри, Гиммлер «Лебенсборн» и Іэтащхьэ Зольман Макс жриІащ: «Ягъэжэн хуейр зи ныбжьыр школ кІуэгъуэм нэмысахэрщ - дэ дыхуейкьым кьэхъуар зыщІэжжэм».

«Сыхуейт си анэм и кхъащхьэр кІэуІэбыну»

ДРЕЗДЕН щыщ профессор Вирст Хайнц кьельытэ СССР-м щыщ сабийхэу зи щхьэцхэр хужьыфэхэр, зи нэхэр щІыхухэр ядыгъун ипэІуэкІэ щІадзауэ. «КъуэкІыпІэ щІыналъэхэмкІэ рейхсминистерствэм и Іэщ1агъэлІ Ветцель Эрхард и проектым ипкъ иткІэ, нэмыцІ льэпкъым хагъэзэрыхьыкІ хуейт Урысейм и цІыхухэм я процент 25-р (!). Гиммлер и унафэм иужькІэ мыбы нэхъ еужьэрэкІ хъуащ. Вирст и псальэхэм ятепщІыхьмэ, 1943 гъэм и щыщхьэІу - фокІадэ мазэхэм я закъуэ «Лебенсборн» и хэщІапІэхэм совет сабий мини 10 ирагъэщащ. «Арий нэс» хъунуэхэр нэхъыбэу кьыщалъыхъуэр Урысейм и ищхъэрэ щІыпІэхэрт - Псковрэ Новгородрэ я гъунэгъу, абы кьыдэкІуэу, Брянскрэ Смоленскрэ, псом хуэмыдэу, Кърымым. Рейхым и мурадт а хытІыгу нЫкъуэм «арий расэм» щыщхэмрэ «Лебенсборн» щапІахэмрэ фІэкІа щыныгъэсэну».

... Сэ Гамбург сопсалъэ. Телефоныр занщІэу кьащтэркъым. Илъэс 71-рэ зи ныбжь къэрычэтыщІэ Хайнеке Фолькер кьыдолъІу урысбзэкІэ зэрымыпсэльэфыр хуэзгъэгъуну: «Уэ къыбгурыІуэркъэ ар зэрытелъыджэ дыдэр. ИпэжыпІэкІэ урысыбзэр си анэдэлъхьэщІ. Ар апхуэдэу щытын хуеящ». ИлъэситІ зи ныбжь Лито Сашэ Кърымым щыпсэурт. 1943 гъэм СС-хэм ар и адэ-анэм кьыгърахащ - зи щхьэцхэр хужьыфэ щІалэ нащхъуэ цІыкІур хуабжьу кьезэгъэрт «Лебенсборн» яшэну. Сабийр Лодзь (Польшэ) щыІа хэщІапІэм нагъэсащ. Абдеж и цІэ-унэцІэр щахъуэжащ, Силезием кьащІалъхуауэ щатхащ. ЛьэпкъкІэ зэрыурысыр Хайнеке кьащІар 1975 гъэрщ.

- Бын сызыщІахэр лІа иужь, сэ тхылъымпІэжэм сахэпльащ, кьеІуэтэж Хайнеке Фолькер. - СымащІэхэхэу зы тхылъымпІэ кьэслъагъуащ... Сэ «Лебенсборн» и хэщІапІэхэм ящыщ зым сыщыпсэуауэ кьыщІэкІащ. Сылъыхъуэурэ, кьэзгъуэтащ сыщысабийм страха гурэ-тыр, Кърымым щыІэ си къуажэм и цІэр, си цІэунэцІэ дыдэр. Сэ хуабжьу сыкъэгъуфІащ: Ди Тхъэ! ИкІэм-икІэжым, ищ1ащ сэ сощІэ сыхэтми!

Хайнеке мыпІащІэу мэпсалъэ: псори и нэгум щІэрыщІэу щІэкІыж хуэдэщ. Игу кьеГъэкІыж: быи зыщІа адэ-анэхэр фІыуэ кьыхущытт. Ахэр Гамбург кьухъхэр щызиІэ цІыху кьулейхэт. Си адэм жиІэжырт: сэ абы сыбгъэщІащэри, си Іуэрэ и лъэгуажьэм теслъхьащ... Арати, я деж сашэну мурад ящІащ. Ахэр нацизмэр зи лъым хэт цІыхухэт, Рейхми зыгуэркІэ ятыщІат. СощІэж си ныбжьыр илъэспІ щрикъуам щыгъуэ ди деж Гиммлер Генрих кьэкІуауэ зэрыщытар. Сэ тельъджэ сщыхъуащ абы щыгъ фащэ фІыцІэ зыкъызыхьр. Си дежкІэ хъапльэрэ жиІащ: «Зи тепльэр хужь псори Германием щыпсэун хуейщ». Сэ фІыщІэ яхуэощІ бин сызыщІа си адэ-анэм - абыхэм фІыуэ сыкъалъэгъуащ, нэгъуэщІ кьэрал щыгъэгъэжащ. АрщхьэкІэ, сэ мы зэманым псом нэхърэ нэхъыбэу сызыщІэхъуэпсыр зыщ: си урыс анэм и кхъащхьэм удэ гъэгъа теслъхьэнырщ.

«Сабий гъыр ирагъэкІащ»

ХАЙНЕКЕ Фолькер Кърымым кІуащ и Іыхьлыхэр кьилъыхъуэжьын и мураду. АрщхьэкІэ кьехъуАкъым. Украинэм кьыщигъуэтащ Лито унэцІэр зезыхъэ унагъуэу 8. Абыхэм и Іыхьлы кьахэкІакъым. И адэмрэ и анэмрэ кьащыщІар зыми ищІэрэгъэІуэн. Зигугъэхэм ягу кьагъэкІыжащ СС-м и сэлэтхэм сабий гъыр яльэфу ялъэгъуауэ зэрыщытар.

- Сэ Кърымым мафІэгукІэ сыкІуащ нэху щыху сымыжейуэ, - жеІэ Хайнеке. - Си гум щыщІэр зэхъэрыскхуэІуэтэжын щыІэкъым. Сыкъыщалъхуа унэм сыщыбгъэдыхьам, си гум зихузат. Сэ си Іыхьлыхэр илъэс 20 хъуауэ къызолъхьуэ. СощІэ «Лебенсборн» щапІа гурым и адэм и кхъащхьэр Югославием къызэрыщигъуэтыжар. Адэ-анэм сабийр щыкІэрачым и деж иужьрейм зыхещІэ, кхъахъуар кьыгурымыІуэми. Сэ си гугъэр хэсхьжыркъым. СыпсэуукъкІэ кьэсслъхъуэнущ си адэ-анэм я кхъащхьэхэр.

Хайнеке апхуэдэу щыгъуаззщ нэмыщІэу забжьжу къэтэджа нэгъуэщІ цІыхухэми. Езыхэр зыпІа адэ-анэхэр зэрылІэу, сэтей кхъэхъуащ ахэр зэрырысыр. «Си гугъэщ абыхэм я нэхъыбэм кхъэлъхъуахэр ямыщІэжу. «Лебенсборн» ехьэлІа тхылъ псори кьанэ щІагъуэ щымыІэу кІуэдащ. Сэ нэмыцбзэкІэ сопсалъэ, нэмыцІэ хьэл схэхьщ, нэмыцІэ зызбжьжу сесащ. ИужькІэ кхъзгурыІуащ урыс уэрэдэхэр апхуэдизу фІыуэ щІэсхъагъуэ и щхьэусыгъуэр. Сэ согуплесс си паспортыр схъужьу Лито Александр зыфІэсщІыжыным.

Апхуэдэ нэхъапэм кьызэрыхъуар кьыскъуэІуэтэжащ «Зауэм и бынхэр» зэгухъьэныгъэм и секретарь Свиллен Герлиндэ.

- Хайнеке и закъуэкым: сэ Берлин сыщрихьэлІащ зы фызыжь, кьызжкІащ Герлиндэ, - Илъэситху и ныбжьу абы и адэ-анэр Украинэм щаукІащ фашистхэм. Хъыджэбз щІыкІур нэмыщІ унагъуэ иратащ. Хъэугъэфащэ абыи и адэ-анэ дыдэр имыгъэтыжу...

... Мыпхуэдэ хъыбархэр мин бжыгъэ мэхъу. Дэтхэнэми кьэхэщІар зи Іыхьлыхэр зэхэфыщІа хуэ щІыхуэхэрщ. Германием щолажьэ «Лебенсборн» и блэкІар зыдж «Лебенссупрен» зэгухъьэныгъэр. Абы щаІыгъыгъэ ящІэн хуейщ зэрыурысыр. Ди жагъуэ хъур зыщ: Урысейм апхуэдэ гуэр зэрыщамыдэжьращ...

Георгий.
«Аргументы и факты».

● Ар дауэ?

Газ уасэр драхуей

Ильэс кьэс а гъэсыныпхъэр процент 15-кІэ нэхъ льапІэ мэхъу. Куэд абы пэльэщыжыркъым.

Метр зэбгъуэзнатІэ 50 хьу унэр ягъэплъын папщІэ, ар зейхэм Башкирием сом минищым нэс щатын хуей мэхъу. ИтІани, «Газпром»-м уасэр процент 15-кІэ ильэс кьэс дригъэкІуеннущ, Урысейм кьыщыІэрыхьэ хэхуэхэр нэгъуэщІ кьэралхэм ярищэм кьыщІихьым хуэдизэ хьухукІэ.

ЩыІэм дисыну?

2007 гъэм кьыщыщІэдзауэ тарифхэм ильэс кьэс ику иту процент 10-кІэ залэт. 2007 гъэм процент 25-кІэ, 2010 гъэм процент 26,7-кІэ дэуеращ. Зэрыщыту ялапщтэмэ, дэ къэтщэху газыр ильэситхум процент 70-кІэ нэхъ льапІэ хъуащ!

Монополием кьыхэхьэу мелардхэр ибжьхуиІэ, урысейм и цІыху мелуанхэр гугъуехь ин дыдэхэм хэтынущ. «АиФ»-м кьилъытащ урысей цІыхум хуабэм тригъэкІуадэмрэ Европэм щыпсэум абы щІитымрэ зыкъэзгъэзыр. Дэ зытетщІыхьар метр зэбгъэзнатІэ 50 хьу унэрщ.

Счетчик тетмэ, ягъэса дэтхэнэ газ кубометрри кьэралым ику иту сом 3 - 4 щыщІат. Дунейр щыщІыІэм и деж зы маазэм хуеинущ газ кубометр 300 - 400. Абы сом 900 - 1600-рэ хуэзэ. Счетчик темытмэ, зы газ кубометрым хуагъэува уасэм тету ахьшэ ят. А уасэр щІыналъэхэм щызэщхьэщокІ: сом 30,4-рэ (Рязань), сом 52,1-рэ (Астрахань). Аращи, а щІыналъэхэм хуабэм зы маазэм сом 1505-м кьыщыщІэдзауэ сом 2605-м щыщІат. А ахьшэр гъэмахэуэм птын хуейщ. Абы кьыхэкІыу счетчик уиІэмэ нэхъыфІщ.

Европейхэм куэд щІауэ газым щІатыр нэхъ мащІэщ: Белоруссием - сом 534-рэ, Инджылызым - сом 1004-рэ, Польшэм - сом 1124-рэ, Украинэм - сом 1152-рэ, Люксембургым - сом 1219-рэ, Франджым - сом 1387-рэ, ФРГ-м - сом 1337-рэ, ИтІалием - сом 1650-рэ, Данием - сом 2774-рэ.

Дунейр зэрыщыпхэхъ хуабэм ятепщІыкІыу, ахэр газу зыхуейри нэхъ мащІэщ.

Статистикэм кьитахэм ятепщІыкІэ, Урысейм щыпсэухэм зы маазэм ику иту кьахэхьуэ сом мин 22-рэ 700-рэ, арщхьэкІэ ди цІыхухэм я процент 52,4-м я деж ар сом мин 15-м щынэсырщыкІ. Европэм щыпсэум ику иту сом мини 100 - 120-рэ Іэрохьэ. Европейхэм газым трагъэкІуадэм хуэдизу дыдейхэми ирагъэтыну хуеймэ, дэ абыхэм яІэрыпхъэм хуэдизэ хэхъуэ диІапхъэт.

Зэи ирикъунукъым

2006 гъэм «Газпром»-м Правительствэм иригъэдащ а гъэсынпхъэм и уасэм кьэрал кІуэщІым щыхагъхьэну.

2011 гъэм компаниэм кьэрал кІуэщІым хэхъуэ кьыщІэрыхьэр сом мелардэ 101,7-кІэ нэхъыбэ хьуащ икІи псори зэхэту сом мелард 738-м нэсащ (Европэм щища газым хуэдитІкІэ хэхъуэ нэхъыбэ кьыщІихащ). Пэжщ, компаниэм налогышхуэ ет, ауэ Правительствэр хьэрыщ щыкІ кьыщІаш кьулеигъэхэм тралъхьэ налогыр игъэмщІэну. Іэщ1агъэлІэхэм кьалытэ абы «Газпром»-м ильэсищым кьыриубыдэу сом мелардэ 157,2-рэ кьхьудигъэхуэну. Ауэ дэр щхьэкІэ зыри кьыдэхуэнукъым, уасэхэр дэкІуеннущ мыуфыІэу.

АрщхьэкІэ, «Газпром»-м кьызэрыдигъэхуэфащэ Іэмал иІэщ. Псальэм и хьэтыркІэ, США-м газым и уасэр щынэхъ пудщ, ар кьалэжьыным трагъэкІуадэм нэхърэ. КьыщІэшыпІэхэм хухахыр ирырагъэкъуэж щІыдагъэм кьыдыщІэкІ газымрэ конденсатымкІэ. Газыр кьэрал кІуэщІым зэрыщащэм хьеру кьыпахьыр процент 15 - 30-щ. Ауэ сыт абы щыхэбгъэхьуэнур, ахъшэр ди жыпым ипх щыхьукІэ? Апхуэдэ Іэмал ГуэззэджкІэ кьызэрагупсысар арауэ кьыщІэкІынущ «Газпром»-м и унафэщІэм ахъшэшхуэ дыдэ щратыр (2011 гъэм абы и правлензэм хэт цІыху 17-м сом мелардрэ мелуанэ 156-рэ яІэрыхьащ.

Гъэсынпхъэм и уасэр дэкІуей пэтми, иджыри кьэс газ яІэкъым Урысейм и кьалэхэм я процент 30-м, кьуажэхэм я процент 53-м. «Северный поток» газ кІуапІэ бжьамийр укъуэдиныи ергэщыІа гъэкъыгъэхэм сом мелардэ 352-рэ хальхьащ. А ахьшэм кьыщигъэззэжьнур зыми кьыбжьИфЫкъуэкым. Европкомиссэм «Газпром»-м хуэгъэзэ Іуэху кьиІэтащ. Абы газым ергъэщІыпІа зэгурыІуэныгъэхэм хэпльэхьныр, хэхъуэхэм кІэрыхуныр кьишэнкІэ хьунущ. Зыхэдэн гуэри зимыІэ Урысей цІыхум компанием кьахуигъэув уасэр ет. Ауэ иужьрейр епІэщІэкІыркъым кьэралыр газкІэ кьыззэрэригъэпэщыр иригъэфІэжьэну. Абы мы Іуэхум зы ильэсым тригъэкІуадэр сом мелардэ 24 кьудейщ. Абы щыгъэми, газ зэрыкІуэ бжьамийхэмрэ хъуманІэхэмрэ куэд ельытащ: гъэсынпхъэр зыгуэш станцым жылагъуэр нэхъ пэжыжьхэухкІэ, абы и уасэр нэхъ льапІэнущ кьэзыгъэсэбэпым и дежкІэ. А станцыр инмэ, абы газ нэхъыбэ иутІыпщынущ, апхуэдэу щыщІткІэ нэхъ пудуи щытынущ.

Нэм кьыщІэуэ апхуэдэ лейр ялэжь «Газпром»-м и акционер нэхъыщхьэм, кьэралым и арэзынигъэ хэлъу. Дунейм газ нэхъыбэ дыдэ кьыщыщІэзыш кьэралым и цІыхухэм кьагъэсэбэпыфыркъым «льэпкъ фІыгъуэр». Ар ди «льэпкъ фІыгъуэу» жаІуэр ди щхьэр яГъэуазащ. Абы щыгъуэми, сланец гъэсынпхъэм зэрыщыкІуэм и фІыгъэкІэ США-м газым и уасэр щехуэхащ. Іэщ1агъэлІэхэм кьалытэр ар экономикэм щІэгъэкъуэныфІ хуэхьуну - компаниеэм энергием трагъэкІуадэр зэрагъэмащІэм и фІыгъэкІэ лэжьапІэ Іэнатіэу ялуэну 2,5 - 5 хьэзрагъэпэщыну я мурадщ. Дэ ди экономикэр нэгъуэщІ - ар зытетщІыхьар цІыхуэхэр яхьунщІэуэрэ, хэхъуэ зыІэграгъэхьэныр!

«Компаниэм кьыІэрыхьэ мелардищэхэр трегъэкІуадэ экономикэм емыгъэщІылІа Іуэхуэхэм - Сочэ хуэунысхъэхэр щегъэкІуэжьынымэ е Кьуэкьыпэ Жьыжьэм щыдагъэ зэрыкІуэ бжьамийхэр зыуэдгъэхьэм. Абы щыгъуэми, апхуэдэ бжьамийр километр кьэс хуэзэу ахьшэу хуэдитІ-щыкІэ нэхъыбэ хелъхьэ, дунейм и компание дэтхэнэми а лэжьыгъэм тригъэкІуадэм ельытауэ, - жеІэ Іэщ1агъэлІ Крутихин Михаил. - «Газпром»-м зэрегъакІуэ зыкІи и Іэнатіэм емыкъэлІа Іуэху куэд. Псальэм и хьэтыркІэ, Урысейми нэгъуэщІ кьэралхэми спорт командхэр щыІыгъ, рекламэм ахьшэщхъэ хуеутІыпщ. Псори хьэрэмыгъэншэу зэпалъытамэ, цІыхухэм папщІэ газ уасэр ильэс кьэс процент 15-кІэ хамыгъахьэуу, иджы зэрыщытым хуэдэу кьагъэнэжьыфынут».

БОЯРКИНЭ Наталье.
«Аргументы и факты».

● Израиль

Хьэрыпхэри якъуэту

ИЗРАИЛЫМ и дзэ кьудыкъущІэхэм сыт щыгъуи яхэтащ хьэрыпхэр. Чристэнхэми хуэдэу, муслымэнхэри. АрщхьэкІэ кьэралым щыпсэу бедуинхэр, шэрджэсхэр, друзэхэр кьэралым щыкъеІуэ хабзэм тету дзэм (ЦАХАЛ) ираджэу щытамэ, хьэрыпхэр абы зэрыхагъэхьэр езыхэм я фІэфІыныгъэм тещІыхьаауэт. И гъунэгъу хьэрыпэ кьэралхэм, Палестинэм и терроризм зэгухьэныгъэхэм ящыщІэхэр зэгурыдзэм хьэрыпхэр хагъэхьэныр емыкІуу кьалытэрт: икІэм-икІэжьым зэкъуэшитІ зэрэуэжьын хуейкъым.

Ауэ псори апхуэдэу кьызэрыгуэкІкъым. 2012 гъэм Израилым и унафэщІэхэм яІэрыхьащ кьэралым и дзэм хэту я хэкур яхьуэмэжьну зыхэр хьэрыпи ныбжьыщІэ минхэм кьабгъэдэкІ льэІу гъыпхъэр.

Хэбгъэзыхьмэ, апхуэдэ хуитныныгъэ иратыну мэпльІуэ хьэрыпхьэпкъым щыщу Израилым щыпсэу хьыджэбзхэри. Жозеф Элиор «Каракаль» батальоным япэу кьудыкъу щызыщІа хьэрыпхьыджэбзщ. «ЦАХАЛ-м кьулыкъу щысщІну кьемызэгъыу кьыщІэжаІэкІэ, сэ ягу кьызогъэжьыж езы хьэрыпхэм хьэрыпхэр зэрауІыжьыр. Ахэр Израилым ракетхэмкІэ кьуоуэ. ИкІэм-икІэжьым, сэ сыкъызыщІэхьащІыжьыр си хэкурщ», - кьыдгурегъаІуэ езым и Іуэху бгъэдыхьэкІэр Элиор.

- Аккэ щыпсэу муслымэн унагъуэм сыкъыщалъхуащ, - жиІащ Израилым и ищхъэрэ льэныкъуэм щыІэ кьалэ цІыкІум щыщ Хаския Анет. - Иджыри кьэс си закъуэт хьэрыпщІалтэхэрэ хьыджэбзхэмрэ ЦАХАЛ-м кьулыкъу щащІэну кьыхуезы-джар. Сэ бынищ сиІэщи, псоми израиль-дзэм кьудыкъу щащІащ. Абы хуабжьу орогушхуэ.

Анет и кьуэ нэхъыжьыр батальон зыкьыдыхьхэм яхэтащ. Кьуэ нэхъыщІэр офицерхэр щагъэхьэзыр курсхэм щоджэ. Й пхъур зауэлІ едкаПІэм и унафэщІщ. Абы и мурадщ и гъащІэр дзэм кьулыкъу щищІэным триухуэну.

«И чэзу хьуащ, - пещэ Хаския Анет, - мыбы щекІуэкІ псомкІи жэуапІыныгъэр Израилым и щІыку псоми ядэдгуэушыну. Дэ зэхуэдэ хуитныныгъэ щыдИЭкІэ, зэхуэдэ кьалэнхэри ди щІэ дэльщ».

А псальэхэм зыгуэр щІыбгъужыну гугъущ.

Журтхэм ящыщыщ льэпкъхэм кьахокІ дзэ кьулыкъум щыдэкІуейхэри. Псальэм и хьэтыркІэ, друз Мушлаф Исуф зыщыпсэу кьэралым щыщІэрыІуэщ. Ар Израилым ЗахьъэмжыныгъэмкІэ и дзэм и Штаб нэхъыщхьэм и унафэщІм и кьудзэщ.

Апхуэдэ щапхъэхэри мащІэкъым. ИкІи абы кьикІырыкъым нэгъуэщІ льэпкъхэм ящыщхэр журтхэм зэхуэгъэгупкІэнымкІэ ядэІэпыкъуу.

ГЕЛЬМАН Захар.
«Эхо планеты».

2013 гъэм и щыщыІэм зэпсэльэн щІадзэнущ Вьетнамымрэ Таможнэ союзымрэ хунту сату щыізэдащІ щыпІэ кьызэрагъэпэщыным теухуауэ.

ВЬЕТНАМЫР хуейщ Урысейм кьриигъашэ зэрыскъыпхъэхэм я лІэужьныгъэхэмрэ куэдгъыдмрэ хигъэхъуэну. «ЗэкІэ УФ-м щымащІэщ ди кьэралым ирашхэр. Пэжщ, абыхэм щІэупщІэхэр Урысейм нэхъыбэ щохъу», - жиІащ Вьетнамым мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдзэ Дип Киих Тан. Абы кьелъытэ кьэралІтІыр зэрызэпэжжьыжьм и мызакъуэу, мы Іуэхум урысей бизнесым хуэзфІэкІынур езы Урысеим тэмэму зэрыщамыщІэри зэран хъуурэ». Іэщ1агъэлІ Доан Хоа кьыхъегъэбелджылыкІ: «Вьетнамым, США-м, Австралием яку дэть щІынальэр зыкъомкІэ нэхъыбэщ, арщхьэкІэ дэ ди ерыскъыкъэхэкІэ а кьралхэм едгъэшэныжьмкІэ ар зэ-

● Вьетнам

Жьэ къикІыну бдзэжьей

ран хъуркъым». Апхуэдэу Бельгиемрэ Германиемрэ зэпымыууэ хагъахъуэ Вьетнамым ираш кофемрэ шеймрэ.

Идэмрэ хуиту сату щызэдащІ щыпІэ кьызэрагъэпэщмэ, Урысеймрэ Вьетнамымрэ яку дэть сатум хуэдитІкІэ зиІэтынущ, жаІэ Іэщ1агъэлІэхэм. Нэгъабэ ар доллар мелард 1,29-рэ и уасэу щытащ. Абы щыгъуэми, кьэралитІым зыхуэгъэшаХэр зэхуэдизыбзэщ.

БАЛИЕВ Алексей.
«Российская газета».

КъуэкІыпІэ Гъунэгъумрэ Курытымрэ, апхуэдэу Перс псы дэжьиІэм я кьэралхэм щэч кьыщыгъахьэжьыркъым Ираным ядерпэ Іэщэ нІэ зэрыхъуам, абы тещІыхьа политики ирагъэкІуэкІ.

БлэкІа гъэмахуэм Сауд Хьэрыпыр Ираным щэхуу епсэльащ льэныкъуитІ зэхущытыкІэхэр иригъэфІэкІуэн мурадкІэ. Ящэрейм етІуанэм хунгъэльэгъуащ зыр зым темыуэным теухуа зэгурыІуэныгъэ зэращІылІэну.

НэхъапэжкІэ, гъатхэ кІуам, пащтыхьыкъуэ Султан ибн Бандар щэхуу Китаймрэ щыІащ. Абы щытепсэльыхьащ а кьэралым деж ядерпэ Іэщэ зыхьыфыну CSS-5 Dong-Feng ракетхэр кьыщищэхуным. Китайм аэрэ Пекин щекІуэкІа парадым щигъэльэгъуащ.

● Ар зэрыщытар

«Сабий гъыр ирагъэкІащ»

ХАЙНЕКЕ Фолькер Кърымым кІуащ и Іыхьлыхэр кьилъыхъуэжьын и мураду. АрщхьэкІэ кьехъуАкъым. Украинэм кьыщигъуэтащ Лито унэцІэр зезыхъэ унагъуэу 8. Абыхэм и Іыхьлы кьахэкІакъым. И адэмрэ и анэмрэ кьащыщІар зыми ищІэрэгъэІуэн. Зигугъэхэм ягу кьагъэкІыжащ СС-м и сэлэтхэм сабий гъыр яльэфу ялъэгъуауэ зэрыщытар.

- Сэ Кърымым мафІэгукІэ сыкІуащ нэху щыху сымыжейуэ, - жеІэ Хайнеке. - Си гум щыщІэр зэхъэрыскхуэІуэтэжын щыІэкъым. Сыкъыщалъхуа унэм сыщыбгъэдыхьам, си гум зихузат. Сэ си Іыхьлыхэр илъэс 20 хъуауэ къызолъхьуэ. СощІэ «Лебенсборн» щапІа гурым и адэм и кхъащхьэр Югославием къызэрыщигъуэтыжар. Адэ-анэм сабийр щыкІэрачым и деж иужьрейм зыхещІэ, кхъахъуар кьыгурымыІуэми. Сэ си гугъэр хэсхьжыркъым. СыпсэуукъкІэ кьэсслъхъуэнущ си адэ-анэм я кхъащхьэхэр.

Хайнеке апхуэдэу щыгъуаззщ нэмыщІэу забжьжу къэтэджа нэгъуэщІ цІыхухэми. Езыхэр зыпІа адэ-анэхэр зэрылІэу, сэтей кхъэхъуащ ахэр зэрырысыр. «Си гугъэщ абыхэм я нэхъыбэм кхъэлъхъуахэр ямыщІэжу. «Лебенсборн» ехьэлІа тхылъ псори кьанэ щІагъуэ щымыІэу кІуэдащ. Сэ нэмыцбзэкІэ сопсалъэ, нэмыцІэ хьэл схэхьщ, нэмыцІэ зызбжьжу сесащ. ИужькІэ кхъзгурыІуащ урыс уэрэдэхэр апхуэдизу фІыуэ щІэсхъагъуэ и щхьэусыгъуэр. Сэ согуплесс си паспортыр схъужьу Лито Александр зыфІэсщІыжыным.

Апхуэдэ нэхъапэм кьызэрыхъуар кьыскъуэІуэтэжащ «Зауэм и бынхэр» зэгухьэныгъэм и секретарь Свиллен Герлиндэ.

- Хайнеке и закъуэкым: сэ Берлин сыщрихьэлІащ зы фызыжь, кьызжкІащ Герлиндэ, - Илъэситху и ныбжьу абы и адэ-анэр Украинэм щаукІащ фашистхэм. Хъыджэбз щІыкІур нэмыщІ унагъуэ иратащ. Хъэугъэфащэ абыи и адэ-анэ дыдэр имыгъэтыжу...

... Мыпхуэдэ хъыбархэр мин бжыгъэ мэхъу. Дэтхэнэми кьэхэщІар зи Іыхьлыхэр зэхэфыщІа хуэ щІыхуэхэрщ. Германием щолажьэ «Лебенсборн» и блэкІар зыдж «Лебенссупрен» зэгухъьэныгъэр. Абы щаІыгъыгъэ ящІэн хуейщ зэрыурысыр. Ди жагъуэ хъур зыщ: Урысейм апхуэдэ гуэр зэрыщамыдэжьращ...

● США

МазэмкІэ зегъэзэж

США-м Хьэршыр къэгъэІурыщІэнымкІэ и Лъэпкъ Іуэхущ1апІэм (НАСА) жиІащ Мазэм тригъэззэжьным тетухуа программэ зэрызэхащІыкІэр икІи абы базэ щыхухэну зэримурадыр.

«АПОЛЛОН» программэр зэрызэфІэкІрэ, цІыхум и лъакъуэ абы зэи теубакъым. «Дэ Мазэм дгъэззэжу, абы пІалъэ кІыхь дыдэкІэ зыщщІэжьэну дыхуейт», - жиІащ НАСА-м и унафэщІхэм ящыщ Сербер Майкл Москва щекІуэкІа Къралэ зэхуаку аэрокосмос конгрессым кьыщыщыпсалъэм. Іэщ1агъэлІым и кьыхигъэбелджылыкІащ Къралэ зэхуаку космос станцыр (МКС) зэхьэрщу кьызэрахутэ Іэмэпсымэ нэхъыщхьэу 2020 гъэр кьэсхуу кьызэрынэжьнур. «Ауэ дэ нэхъ жыжьэкІэ дыпльэн, Мазэм, Марсым дызэрыкІуэнум икІи дызэрыщылажьэнум дегупсысын хуейщ», - кьыхигъэщхьэхуКІащ еджагъэшхуэм.

● Гъэщ1эгъуэнщ

Хэт Америкэр къызэІуузыхар?

Инджылызымрэ США-мрэ кьалытэ Америкэ Ищхъэрэмрэ Ищ1эмрэ ящэ Іэпхъуаэр Сыбырым икІауэ хуэзыгъэфэща профессор Гринберг Джозеф захуэу. Абы щыгъуэми, Сыбырым щыщэр Америкэм лъэхъэниткІэ Іэпхъуащ.

ИЛЬЭС 25-рэ и пэкІэ, Стэнфорд университетым и профессор Гринберг Джозеф индейбзэхэр зэрэгъэпщащ. Абы езыр щымыгугъыхъауэ, кьихутащ псалъэхэм я нэхъыбэр Сыбырым икІа льэпкъым и бзэм кьызэрытехьыкІар. Ящэ щыкІэ континентым Іэпхъуар алеутхэмрэ эскимосхэмрэ кьызытехьэрщ, нужькІэ абы кьыщыхутащ апачиехэмрэ навахохэмрэ я лІакъуэхэр.

Иджы инджылыз, американ еджагъэшхуэхэм, Канадэмрэ Америкэ Ищ1эмрэ я индейхэм я лъыр ДНК-кІэ кьызэрапщытар и лъабжьэу, жаІащ профессор Гринберг и кьэхутэныгъэр пэжу. Ящэ щыкІэ Америкэм и щІым теувар зэгуэр Аляскэмрэ Чукоткэмрэ зэпызыщІыу щыта Беринг зэпрыкІыпІэмкІэ кІуа щыхуэрщ. Ахэр Сыбырым икІащ ильэс мин 15 - 18 и пэкІэ. Абыхэм я щІэблэхэм псэупІэ ящІащ Америкэм и щІыналъэ псор. Лъэхъэнищым Америкэм Іэпхъуа щыхуэм я льэпкъхэр зэхэзэрыпыхьащ.

«Эхо планеты».

НапэкІэщІыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Болэ Руслан бжыгъэр егъэбагъуэ

Епщыкіущанэ дакъикъэм Іуэхур зэхэкіат

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Томь» (Томск) - 2:0 (2:0). Налшык. «Спартак» стадион. Жэпуэгъуэм и 2-м. Цыху 3000 еплъыж.

Судьяхэр: Шпилев, Подолякэ (тІури Белгород щыщщ), Кобзев (Мэзкуу).

«Спартак-Налшык»: Коченков, Эсареев, Джудович, Овсиенкэ, Багаев, Татарчук (Абаз, 90), Щоджэн, Рухаиа (Коронов, 80), Захирович, Сирадзе, Болэ (Дорожкин, 70).

«Томь»: Вашек, Аравин, Гультяев (О'Коннор, 61), Николов, Сабитов, Черевкэ, Сорокин, Димидкэ, Башкиров (Хазов, 30), Нагибин, Голышев (Терентьев, 82).

Топхэр дагъэкІащ: Джудович, 7 (1:0). Болэм, 13 (2:0).

Дагъуэ хуащІащ Щоджэным, Рухаиа, Сирадзе, Коченковым, Захировичым, Башкировым, Сорокиным, О'Коннор.

«СПАРТАК-Налшыкымрэ» «Томь»-мрэ зэгъуэгъ гьатхэ кІуам премьер-лигэм кьыхагъэкІащ. Ахэр щІохьуэпс зыр адрейм кьыкІэрымыхуу абы ягъэзэжьыну. АрщхьэкІэ я мурадыр зэрызрагъэхьулІэр зэтехуэркъым. Томскдзэхэм хьарзынэу зэхьзэхуэр ирагъэжьащ, бжьыпэри псынщІэ дыдэу яубдащ, ауэ я улахуэр мазэ бжыгъэкІэ зэрагъэгувэм кьыхэкІыу, я гукъыдэжьр щІагъуэжкъым. Уеблэмэ щІыхуэр кърамытыжауэ джэгум кьимыхьэну кьыщагъэуваи щыІэщ. Налшыкдэсхэм я щІэдзэкІэм кьыдэщІхэр игъэгубжьащ щыту, Щоджэн Марат хуабжьу шынагъуэу гъуэм зэреуэр «Томь»-м и гъуащхьэтетым зыхищІэну кьыхукъуэкІащ. Ди щІалэм иутІыпща топым Вашек ерагъкІэ и пащхьэм кьыщригъэгъэзащ, арщхьэкІэ абы ягъэ Джудович бжьыгъэр кьызэІуихыну хуэзфІэкІащ.

ЕкъулІэныгъэр псынщІэу кьаІырыхьами, абыкІэ кьыхэзрызэтемыувыІэнур «Спартак-Налшыкым» Іуп-щІу кьитгъэлъэгъуащ. Ар адэкІи ерыщу икІи кьаруушхуэкІэ ебгъэрыкІуэрт. Абы и фыгъэкІэ етІуанэ топри мыгувэу дигъэкІащ. Рухаиа углобойр кьыхита нужь, Боллэр псоми ящхьэпрыпкІри, щхьэкІэ бжьыгэр игъэбэгъуащ. Арати, епщыкІущанэ дакъикъэм ирихьэлІэу налшыкдэсхэр 2:0-у ягъэ ящащ икІи я джэгукІэм кьитгъэлъагъуэрт ахэр кьызэримыкІуэтынур.

Къэнэжа зэманыр ди щІалэхэм зэрыхуейуэ кьагъэсебэпащ. Ягу кьыщыхьэм ебгъэрыкІуэрт, езэшмэ, кьикІуэтыжырти, я гъуэр яхьуэмэрт. ХьэщІэхэм абыхэм я щхьэзыфІэфІагъым зыри хуещІакъым.

Арати, «Спартак-Налшыкым» ягъэ дивизионым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыІыгъыр ихьуэжащ. Томскдзэхэр щылъэпэрэпэнум пэплъэ «Урал»-м и футболистхэм иджы ар зыЕрагъэхьащ. Налшыкдэсхэри ещанэ увыпІэм кьыдэкІуэтеящ икІи абыхэм куэдкІэ кьакІэрызухыкъым. АдэкІи апхуэдэ джэгукІэфІ кьагъэлъагъуэмэ, езыхэм бжьыпэр щауБыдыну зэманыр жьыжьэккъым.

Иджы щыгъуазэ фыхудощІ адрей командэхэр иужьу зэрызэдэджэгуам кьарикІуа бжьыгъэхэм: «Урал» (Екатеринбург) - «Уфа» (Уфа) - **4:0**, «Енисей» (Красноярск) - «Балтика» (Калининград) - **1:2**, «Волгарь» (Астрахань) - «Салют» (Белгород) - **1:0**, «Металлург-Кузбасс» (Новокузнецк) - «Химки» (Мэзкуу область) **0:0**, «СКА-Энергия» (Хабаровск) - «Сибирь» (Новосибирск) - **1:2**, «Торпедо» (Мэзкуу) - «Ротор» (Волгоград) - **0:0**, «Петротрест» (Санкт-Петербург) - «Нефтехимик» (Нижнекамск) - **0:1**.

КъыкІэлъыкІуэ джэгуГъуэрэ «Спартак-Налшыкым» и дежкІэ хуабжьу гугъунуц. Жэпуэгъуэм и 8-м ар Новосибирск кьалэм щыІуцІэнуц нужьрей зэІущІищ кьиІэныгъэхэр къыщыцІэхьуэрэ гукъыдэж ин зиІэ «Сибирь»-м.

ХЬЭТАУ Ислъам.

«Спартак-Налшыкым» и капитан Джудович Миодраг и гъуэри ихьуамащ, хьэрхуэрэгъуэхэм яйри хигъэщІащ.

- кьащыхьуауэ къыщІэкІынщ япэ дивизионым гугъу зыщрамыгъэхьыщэми, пашэныгъэр щахуэІыгъыну. Зэман дэкІри, апхуэдэу зэрымыхьунур кьагурыуащ икІи я бгыр щІакъуэауэ къыхуагъэувэ кьалэныр иджы ягъэзащІэ. Волгоград щыІэу «Ротор»-м зэрытекІуам зэхьэзэзэхуэм бжьыпэр щызыІыгъ «Томь»-р кІэлъагъэкІуэжамэ фІы дыдэ хьунут. Арац вэсэпшьхь екІуэкІа зэІущІэр «Спартак-Налшыкым» хуабжьу жыджэру щыщІидзар.

Налшыкдэсхэм апхуэдизу фІыуэ ирагъэжьати, кьапэщытыр япэ дивизионым и пашэрауэ пщІэнтэкъым. Ахэр псынщІэт, Іэкіуэльакіуэт икІи зи хьэрхуэрэгъуэхэм щхьэкъэІэтыпІэ езымытт.

ХьэщІэхэм апхуэдизу кьыщІэрыгракъуэр кудрэ яхуэшэчакъым. Ебланэ дакъикъэм абыхэм футбол хабзэр я штрафнём пэмыжьыжьу аргуэру кьыщІэщІхэр игъэгубжьащ - кьащыхьуауэ къыщІэкІынщ япэ дивизионым гугъу зыщрамыгъэхьыщэми, пашэныгъэр щахуэІыгъыну. Зэман дэкІри, апхуэдэу зэрымыхьунур кьагурыуащ икІи я бгыр щІакъуэауэ къыхуагъэувэ кьалэныр иджы ягъэзащІэ. Волгоград щыІэу «Ротор»-м зэрытекІуам зэхьэзэзэхуэм бжьыпэр щызыІыгъ «Томь»-р кІэлъагъэкІуэжамэ фІы дыдэ хьунут. Арац вэсэпшьхь екІуэкІа зэІущІэр «Спартак-Налшыкым» хуабжьу жыджэру щыщІидзар.

Налшыкдэсхэм апхуэдизу фІыуэ ирагъэжьати, кьапэщытыр япэ дивизионым и пашэрауэ пщІэнтэкъым. Ахэр псынщІэт, Іэкіуэльакіуэт икІи зи хьэрхуэрэгъуэхэм щхьэкъэІэтыпІэ езымытт.

ХьэщІэхэм апхуэдизу кьыщІэрыгракъуэр кудрэ яхуэшэчакъым. Ебланэ дакъикъэм абыхэм футбол хабзэр я штрафнём пэмыжьыжьу аргуэру кьыщІэщІхэр игъэгубжьащ

ЗэІущІэ нэужьым

ШЫПШ Тимур, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщІэхъэ:*

Ди хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэр хэдгъэщІащ

- Джэгум и япэ Іыхьэр етІуанэм ефІэкІащ. Псынщ1э дыдэу топитІ зэрыздэдзэжІам гукъыдэж ин кьыдитащ. АдэкІэ Іэкіуэльакіуэу дыдджэгуащ. ЕтІуанэ Іыхьэм ди шхьэ кьыхзэрихькІэ демыбгъэрыкІуэмэ нэхъыфІу кьэтІыгъащ икІи текІуэныгъэр зэрытхъумэным дыхущІэкъуащ. Хуабжьу сыщогуфІыкІ премьер-лигэм дгъэзэжьынымкІэ ди хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэр зэрыхэздгъэщІам, ар командзфІ дыдащ.

- «Спартак-Налшыкыр» пашэхэм нэхъыфІу ядэджагъуныр хьэл хуэхъуа?

- ДЭ сытым дежи командзфІхэм хьарзынэу дадоджэгу.

- Гъэущокьуэр Арсен щІэх кьыфхьхьэжьыну?

- И уэзыншагъэм Италием щыкІэльыгъэплъауэ ар пщэдей Налшык кьэкІуэжьынущ. Хуэм-хуэмурэ тренировкэхэм кьыхэтшэжьынущ. АдэкІэ деплъынкъэ.

ПЕРЕДНЯ Сергей, *«Томь»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

Налшыкдэсхэм сохъуэхъу

- Епщыкіущанэ дакъикъэм ирихьэлІэу 0:2-у кьыштекІуэу ебгъэжьэнэр хьэлъэщ. ЩытыкІэ гугъум дыхьикІыкІи папщІэ Іэмал зыбжанэм дыхуэкІуащ, ауэ зыри кьикІакъым. Джэгум и етІуанэ Іыхьэм дэ нэхьыбэрэ дебгъэрыкІуащ, арщхьэкІэ «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэхъумэхэм дафІэкІыфакъым. Хэгъэрейхэр кьалэжьауэ текІуащ. Абыхэм ЛІыгъэ яІэщ, кьыкІэтакъым икІи кьэдэыхакъым. Налшыкдэсхэм я текІуэныгъэмкІэ сохъуэхъу.

ТЕМБІР Дисанэ.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизионым 2012 - 2013 гъэхэм зэхьэзэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Кь.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Урал»	14	8	4	2	30-10	28
2.	«Томь»	13	8	3	2	27-17	27
3.	«Спартак-Налшык»	13	7	2	4	13-12	23
4.	«СКА-Энергия»	13	6	5	2	16-10	23
5.	«Нефтехимик»	13	6	4	3	20-14	22
6.	«Уфа»	13	6	2	5	14-15	20
7.	«Сибирь»	13	6	2	5	17-16	20
8.	«Балтика»	13	5	5	3	15-14	20
9.	«Ротор»	13	5	4	4	8-10	19
10.	«Енисей»	14	4	5	5	13-14	17
11.	«Волгарь»	13	3	7	3	10-12	16
12.	«Торпедо»	13	3	6	4	8-13	15
13.	«Металлург-Кузбасс»	14	3	3	8	8-14	12
14.	«Петротрест»	13	3	3	7	12-19	12
15.	«Салют»	13	2	5	6	9-15	11
16.	«Шинник»	13	2	4	7	7-14	10
17.	«Химки»	13	1	4	8	9-17	7



И гъащІэр боксым епхащ

Илъэсипщі ныбжьым иту спортым дихьэхащ Кіэрэф Сультіанбэч. 1990 гъэм Щхьэлыкъуэ къуажэ школым лэжьэн щыщІидзащ каратэмкІэ секцэм. Апэу абы кІуэн щІэзыдзэхэм ящыщщ СультІанбэч. Зи Іэпкъльэныкъыр хъарзынэу зэрыубыда щІалэр ерыщым ехъулІэныгъэ тельыджэхэр зыІэригъэхьащ. Ар хэтащ 2003 гъэм Кекос (Алыдж), Милан (Италие) кьалэхэм щызэхэта дунейпсо чемпионатхэм. Абыхэм щызыІэригъэхьа ехъулІэныгъэхэм кьыхэхьащ 2004 гъэм. Германием и Триер кьалэм щызэхэта чемпионатым Дунейпсо кубокыр кьыщицащ.

Боксым кьыдэкІуэу, кикбоксингми зезыщщыта щІалэм дунейпсо зэхьэзэхуэм килограмм 86-рэ хьэлъагъым щыбэнагъэм я деж ещанэ увыпІэр кьыщихьащ. ИльэситІ дэкІри, СультІанбэч Алыджым и кьалащхьэ Афины дунейпсо чемпион щыхьащ.

И кьуажэгъуэр дызэрыгушхуэ спортсменыр тренер лэжьыгъэм дехьэх. Щэджэм кьалэ дэт спорт комплексым абы щегъасэ ныбжьыщІэ 60. Абыхэм яхэтщ КІэрэфыр куэдкІэ зыщыгугъэр, урысей чемпионатым щытекІуахэри щыІэщ.

Кьыхэдгъэщынщи, щІалэгъуэм щапхъэ зытрахын спортсмен, гъэсакІуэ ахъыр-зэманщ КІэрэф СультІанбэч. Ар лъагапІэщІэхэм нэсмэ, ехъулІэныгъэщІэхэр зыІэригъэхьэ, ди гуапэщи, и мурадхэр Тхьэм кьыхуэзэпищІэ!

Лъагэу зеІэт

Соблир Альберт спортсмен щІэрыІуэ унагъуэм кьыхэкІащ. И адэр бэнакІуэу щытащ, чемпионщ. 8-нэ классым щедзэкъу, Альберт бэнэным дихьэхат икІи адэм и чэнджэщкІэ Налшык зыгъэсэн щыщІидзащ. Абы и тренер Роменскэм гу льитащ ныбжьыщІэм Алыхьым кьыбгъэдилъха ээфІэкІкэр зэриІэм икІи алэрыбгъуэм ехъулІэныгъэхэр кьыхэрыщыпэплъэр и фІэщ хьуащ.

АльБЭРТ и кьуэш нэхъыжьыр боксёр цІэрыІуэу щытати, шынэхъыщІэми ар кьыхихмэ и гуапэу чэнджэщ иритырт. Зэгуэрым, боксёрхэм зыщагъэхьэзыр пэшым щыхьауэ, Альберт тренерым ельэІуащ и кьару иригъэплъыжьну. КьызэрыхагъащІэр кьыщыгуфІыуэ, Альберт и хьэрхуэрэгъур кьиубыдри, бэнакІуэ хабзэкІэ кьытридзащ. Пэшым дыхьэшх маькыр щІэз хьуащ.

- Пэжу, тэмэмтхэм абы щыгъуэ сщІар икІи дыхьэшхэнт, - игу кьегъэкІык а маХуэр Альберт. - Ауэ хьэрхуэрэгъур зытезгъэкІуэну сыхуейтэкъыми, кьэзгъэсэбэпынур сщІэртэкъым. Абы щыгъуэ кьызэгурыІуащ боксым кьаур зэрыщымынэхъыщхьэр.

Арати, боксым хьихьащ аргуэру зы щІалэщІэ икІи ехьулІэныгъэ тельыджэхэр зыІэригъэхьэ хьуащ. 2003 гъэм, курыт еджапІэр кьнуха нужь, Черкесск кІуэри, боксым зыщыкІуэригъэсащ. Ар хохуэ гъэсакІуэ щІэрыІуэ Давыдовым и гупым. И гуащІэ емыблэжу махуэ кьэс зызыгъасэ щІалэм, и зэфІэкІым нэхъри хигъэхьуащ.

ИльэситІ дэкІри, ар хагъэхьащ Урысейм и командэ кьыхэхэам. Абы игъэукІытакъым дзыхь кьэзыгъэзэхэр: Ночинск кьалэ щекІуэкІа чемпионатым япэ увыпІэр кьыщихьащ. ИужькІэ, ар армэм ираджэри, Самарэ кьалэм кьулыкъу щищащ.

2008 гъэм накьыгъэм Альберт дзэм кьикІыжри, дзэзыхьэх спортым зэритыжащ. Боксым ІэкІуэльакІуэ хуэхъуа, зи цІэ зыгъэІуну хунэса щІалэм щыхуэхъуащ дунейпсо чемпион, Олимп Джэгухэм хэта Азербайджаным и боксёр цІэрыІуэ Исмаилов Али. Зы мащІэкІэщ ар кьызэрефІэкІар ди лъахэгъум.

Ильэс кьэс зым адрейр кІэлъыкІуэу, СультІанбэч ехьулІэныгъэ тельыджэхэр зыІэригъэхьащ. Ар хэтащ 2003 гъэм Кекос (Алыдж), Милан (Италие) кьалэхэм щызэхэта дунейпсо чемпионатхэм. Абыхэм щызыІэригъэхьа ехьулІэныгъэхэм кьыхэхьащ 2004 гъэм. Германием и Триер кьалэм щызэхэта чемпионатым Дунейпсо кубокыр кьыщицащ.

Боксым кьыдэкІуэу, кикбоксингми зезыщщыта щІалэм дунейпсо зэхьэзэхуэм килограмм 86-рэ хьэлъагъым щыбэнагъэм я деж ещанэ увыпІэр кьыщихьащ. ИльэситІ дэкІри, СультІанбэч Алыджым и кьалащхьэ Афины дунейпсо чемпион щыхьащ.

И кьуажэгъуэр дызэрыгушхуэ спортсменыр тренер лэжьыгъэм дехьэх. Щэджэм кьалэ дэт спорт комплексым абы щегъасэ ныбжьыщІэ 60. Абыхэм яхэтщ КІэрэфыр куэдкІэ зыщыгугъэр, урысей чемпионатым щытекІуахэри щыІэщ.

Кьыхэдгъэщынщи, щІалэгъуэм щапхъэ зытрахын спортсмен, гъэсакІуэ ахъыр-зэманщ КІэрэф СультІанбэч. Ар лъагапІэщІэхэм нэсмэ, ехъулІэныгъэщІэхэр зыІэригъэхьэ, ди гуапэщи, и мурадхэр Тхьэм кьыхуэзэпищІэ!

● Щхьэлыкъуэдэсхэр зэрыгушхуэхэр

● Щэнхабзэ

Нарт джэгукІэхэр къагъэщІэрэщІэж

Шэрэдж районым хьихьэ Балъкъэр Ипщэм дэсэу «Нарт джэгукІэхэр» зэхьыхьэр ирагъэкІуэну къыщыхьэхьэм, къуажэ администрацэм и Іэтащхьэр ахъыпІагъэу хъущ икІи адэІэпкъыхьуащ.

ДЖЭГУКІЭХЭМ хэтащ Балъкъэр Ипщэм и еджакІуэхэр, Бесенги, Бабугент, Ташлы-Тала, Хьэсэнэй гъунэгъу кьуажэхэм кьикІахэр.

«Нарт джэгукІэхэр» екІуу кьызэІуахащ. Зэхьыхьэм хэтыну гупхэм я цІэ ирагъуащ, лъэпкъ макъамэ щаІэм щІэту. Дэтхэнэ зы гупми и дамыгъэм, ныпым, лъэпкъ фащэм гулъытэшхуэ хуащІу зэрагъэхьэзырар нэрылъагъут.

КъуриалъэпІахэм я лъэщагъыр кьаГъэлъэгъуэу, джэгукІэ зэхуэмыдэхэмкІэ зэхьэзэхуащ. ЩІалэхэм я лЫгъэмрэ кьарумрэ нэмыщІ, хабзэм зэрыщыгъуаэзри кьапщытащ.

Апхуэдэт, псалъэм папщІэ, мэлыр зэрызэІахьым зэрыхуэІэкІуэльакІуэр, шхыныр Іэнэм зэрытрагъэувэм теухуа зэпеуэхэр.

Хьыджэбзхэр зыхэтар «Айсурат» зэхьэзэхуэращ. ДахагъэкІэ зыр зым ефІэкІыу зэхьхьэм кьурихьэлІа бзылъхьагъэхэм я фащи, я теплъи, я зыыгГъэкІи кьалъытащ. Ахэр кьэфэнкІэ, уэрэд жьэнкІэ, лъэпкъ пшынэ ёуэнкІэ зэпеуащ.

Зэхьыхьэм кьурикІуахэр зэхалъхьажа нэужь, япэ увыпІэр Бесенги, Бабугент кьэжэхэм щыщІ гупхэм зэхуэдэу хуэфащэу кьалъытэри, зэдагуэшащ. Зэхьихьэм хэта адрей гупхэми щыІэх тхьилъхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ тыгъэ хуащІащ.

БОЗИЕВЭ Залина,

Шэрэдж районым и щІыпІэ администрацэм и пресс-ІуэхуцІапэм и лэжьакІуэ.



● Бахъсэн куей

Адэ-анэхэр ягъэгуфІэ

Бахъсэнёнкэ жылагъуэм дэт курыт еджанІэ №2-м хэту дяпэкІэ лэжьэнущ сабий 70-м тещІыхьа гъэсапІэ.

ЗИ сад кІуэгъуэу иджыпсту мы къуажэм дэс щыкІуэхэм я бжыгъэр 100-м нос. Бахъсэн куей администрацэм и унафэкІэ урыт школым кьимыгъэсэбэпу иІыгъ зы кьудамэпсо абыхэм хуэхахащ.

Садым ехьэлІа ремонт лэжьыгъэхэр я гуащІэгъуэу йокІуэкІ. Дунейр хуаб0 щІыкІэ зыхуей хуагъэзащ сабийхэр щыджэгуну, щыжеину пэшхэр, шхапІэр. Апхуэдэу щыкІуэхэр хьэпшыпхэмкІэ, унэльащІэхэмкІэ, тепІэнщІэпльынэхмкІэ кьызэрагъэпэщ.

Куей администрацэм ткІийуэ и нэІэ тету екІуэкІ дзжьыгъэхэр и кІэм ноблагъэ. Щэч хэлъкъым, сабий гъэсапІэм и Іуэхутхьебзэм хуэныкьуэ дэтхэнэ зы унагъуэри мыпхуэдэ тыгъэм зэрыщагуфІыкІынум.

Фигу кьэдгъэкІыжьыщи, мы гъэм и мэкъуаущэгуэ мазэм кьеха уэм садыр зыхэтыну еджапІэр зэхикьутауэ щытащ. ЕгъэджакІуэхэмэ я еджэдзэхэмрэ я кьарукІэ школыр зэрагъэпэщажащ, и ІуэпщапІэхэри дахэу зэрахьауэ гъэ еджэгъуэщІэм техьэжьи яхуэзэфІэкІащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **ЖЬэхІэмыкъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэ), **Гъурыкъ Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, НэщІэныдэ Замир, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэ.**

КьыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкІ.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщІапІэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-64, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэкъуэ Іуэхущапі Іэхэм ядлъжьэныкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ пиСьмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджакІуэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапі Іэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхуитуэхэм я ижагъымкІэ ахэр зытхахэм яІсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ельыкІэр зэтехуэ зэныту щытыкъым.

Газетыр Іэ тельдзаэм яхуэхьынырэ щІэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт эныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хунтыныгъэр хьэмэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущапі Іэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и кьуэдзэ Къаншокьуэ Эллэ, редактору Жылаэ Заурбэч, корректорхэу Щоджэн Заирэ (*3, 4-нэ нап.*), Щоджэн Инир (*1, 2-нэ нап.*). Корректорхэм я дэІныкьуэгъуэ Мырзэкъан ФатІимэ. *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ищІащ* Ныр Сандэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *еурэтхэм елэжьар* Къарей Эдиныч.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.744 ● Заказ №2635